5 Фсг
В 64

Qaraqalpaq
Ádebiyatınıń
Dúrdanaları

# BERDAQ

«BILIM»

5 Фаг
B64

# BERDAQ

## DÁSTANLAR

МАЖБУРИЙ НУСХА

ÓZBEKSTAN RESPUBL
ILIMLER AKADEMIYA
QARAQALPAQSTAN B
FUNDAMENTAL KITAP
INV № 188765

NÓKIS
«BILIM»
2021

UOK 821.512.121-1
KBK 5 Qar
B 64

**Berdaq** [Tekst]: Dastanlar. / Dúziwshi: M.Nızanov. — Nókis: «Bilim», 2021. 144 bet.

«Shayır edim, kózim kórgenin jazdım,
Kókiregimniń sezip, bilgenin jazdım,
Zaman qısmetinen sarǵaydım, azdım,
Bolar ma dep jaqtı kúnler, xalıq ushın,

— dep jırlaǵan shayır, shınında da, óz dáwiriniń ullı oyshılı edi. Aradan eki ásirge shamalas waqıt ótse de shayır sózi ele xalıq júreginde, tilinde jańlap kiyatırıptı.

Berdaq babamızdıń bul kitabına onıń dástanlıq shıǵarmaları kirgizildi. Kitaptaǵı bir ózgeshelik «baylardı maqtaǵan» degen kózqaras penen 1950-jıldıń berjaǵındaǵı basılımlarında kirgizilmegen «Qulen bolıs» atlı kólemli qosıǵı da engizilip otır.

Baspaǵa tayarlaǵan: **M. Nızanov**

**ISBN 978-9943-4463-7-3**

**© «Qaraqalpaqstan» baspası, 1997.**
**© «Bilim» baspası, 2019.**
**© «Bilim» baspası, 2021.**

## AYDOS BABA

— Kel baba, shıǵıńız tórge,
Haq yaratqan názerkárde,
Teńgeni bóldik tórt jerge,
Birin alıń, Aydos baba!

— Márt bolǵan wádede turar,
Sózin buzǵandı ant urar,
Tórttiń birine diyqan turar,
Teń ból! — dedi Aydos baba.

— Xandı ullı qıldı quday,
Dáskesi kóp, xan eki pay,
Siziń menen bizler bir pay,
Boldıq endi, Aydos baba.

— Adam bolsań, abıray izleń,
Otırar ornıńdı gózleń,
Tillerińdi tartıp sózleń,
Almam, — dedi Aydos baba.

— Sonday boldı istiń túri,
Aytsa keter kewil kiri,
Sizdi qıldıq tórttiń biri,
Alǵıl endi, Aydos baba.

— Ullı bolsa xanıń ullı,
Bolajaqsız báriń ullı,
Qaydan alıpsız bul puldı?
Aytqıl, — dedi Aydos baba.

— Xannıń qılǵan buyrıǵı shul,
Xan hámirine moyınsınǵıl,
Hámmege birdey salıq pul,
Alıń endi, Aydos baba.

— Xan otırar salqın jayda,
Tilla kóshkili sarayda,
Men bolmasam aqsha qayda?
Biliń, — dedi Aydos baba.

— Baba bunsha qattı qashpa,
Sum nápsińniń awzın ashpa,
Xızmetker kóp sennen basqa,
Qanaat qıl, Aydos baba.

— Mut pul kerek sendey qulǵa,
Bolajaqsız jurtqa tulǵa,
Teń jarıman salıq pulǵa,
Teń ból, — dedi Aydos baba.

— Babam, qılǵıl endi sabır,
Máhremlerge qılma jábir,
Tórt bólmegim xannan hámir,
Alǵıl endi, Aydos baba.

— Ólgen adam qaytıp kelmes,
Batır jigit qayǵı jemes,
Wádesin buzǵan xan emes,
Bergil, — dedi Aydos baba....

— Ási bolarsań allaǵa,
Teńgeni jarı almaǵa,
Xanıń menen teń bolmaǵa.
Uyalarsań, Aydos baba.

— Sen bilmeysen meniń jayım,
Onıń menen teń qudayım,
Kerek emes bos abayıń,
Tek tur! — dedi Aydos baba.

— Máhremler tilin almasań,
Xan hámirine boysınbasań.
Tórttiń birine turmasań,
Óziń bilgil, Aydos baba....

— Qanaatsız qatın isi,
Xanǵa qarsı qanday kisi,
Meter[1] menen qusbegisi[2],
Sen qoy, — dedi Aydos baba!.

Ashıwı keldi, atlandı,
Qusbegi, meter toqtaldı,
Qılıshın alıp oqtaldı,
Qahárlendi, Aydos baba.

Áwelinde til almadı,
Sózine qulaq salmadı,
Meterdiń jam qalmadı,
Shabar boldı, Aydos baba.

— Sawash qılıp is baslasam,
Qan tógip kewil xoshlasam,

[1]**Meter** — xan sarayınıń xojalıq basqarıwshı hámeldarı.
[2]**Qusbegi** – xan sarayında ańshılıqtı basqarıwshı.

Gelleńdi kesip taslasam, —
Dedi sógip, Aydos baba.

— Is jamanǵa endi keter,
Bul kisi aytqanın eter,
Táwbe qılıp qusbegi, meter,
«Qoydıq», — dedi, Aydos baba».

Sherik qılmay bir bendeni,
Xiywada xannan ózgeni,
Qosıp jiberdi teńgeni,
Teń ayırdı, Aydos baba.

Dushpanı kóp, dosı menen,
Nayzasınıń ushı menen,
Bileginiń kúshi menen,
Haqın aldı, Aydos baba.

Kelgende xan órre turdı,
Xanǵa qarsı juwap urdı,
Birneshe jıl dáwran súrdi,
Bul hal menen, Aydos baba.

Kópdur sózimniń kemisi,
Dáryanıń urar degishi,
Meter menen qusbegisi,
Jılawıńda, Aydos baba.

Eki araǵa tústi giyne,
Xannıń inamı bir iyne,
Aydos biyge qılıp hiyle,
Ǵapıl boldı, Aydos baba.

Aydos degen ullı kisi,
Aqırı ketti qoldan kúshi,
«Xannıń isi – shaytan isi», –
Degen eken, Aydos baba.

Xanǵa bolmadı puqara,
Qarsı boldı bara-bara,
Joqdur ólimge hesh shara,
Sheyit óldi, Aydos baba.

Dúnya isiniń joqdur shegi,
Qoldawlıdur ata-tegi,
Tuwdı Ernazar qusbegi,
Túp saǵası, Aydos baba.

## ERNAZAR BIY

Áwel Aydos baba ólip,
Ornın tuttı, Ernazar biy.
Qaraqalpaqqa aǵa bolıp,
Húkim etti, Ernazar biy.

Qaraqalpaqqa aǵa bolıp,
Suńqar salıp, bedew minip,
Kewline kelgenin qılıp,
Bolıp ótti, Ernazar biy.

Qıpshaq yalǵannan dawa qıldı,
Dóhmetten moynına qun saldı,
Bir qalmaq[1] jasawıl boldı,
Pul bermedi, Ernazar biy.

Japtı jalǵannan jalasın,
Bilip aǵzınıń alasın,
Qarlı[2] qalmaqtıń balasın,
Qılıshladı, Ernazar biy.

Xan gúnakar qılǵanında,
Biyligini alǵanında,

---

[1]**Qalmaq** — qoldawlı ruwınıń bir tiyresi.
[2]**Qarlı** — sol tiyreden shıqqan bir biydiń atı.

Hám aq úyli bolǵanında,
Muńaymadı, Ernazar biy.

— Meni heshkim tilemesin,
Jalınıp sorap júrmesin,
Men ólgende jılamasın, —
Dedi arıslan, Ernazar biy.

Wáyis bayǵa zorlıq qıldı,
Qılıshın alıp oqtaldı,
Gúllán xiywalı toqtaldı,
Qáhárin jaydı, Ernazar biy.

Sawash kúni ılǵal taslap,
Sárdar bolıp, jıyın baslap,
Jańǵazı xandı qılıshlap,
Soyqan saldı, Ernazar biy.

Burıńǵı biylik súrisin,
Burıńǵı júris-turısın,
Xanǵa sálemge kirisin,
Kemitpedi, Ernazar biy.

Biy basma bir qus saldı,
Quslap shıqpaǵa dus bardı,
Xojeke qussız bos qaldı,
Qus bermedi, Ernazar biy.

Xan háziretke sálem qıldı,
Hárqaysısı sarpay aldı,
Xojakeń sarpaydan qaldı,
Arız ettirdi, Ernazar biy.

— Xojeke, aytar arzım bar,
Neshshe qus sizden qarzım bar?
Qalıs sarpay beriw dárkar,
Dedi arıslan, Ernazar biy.

Xan házireti: «meter!» dedi,
«Bejit ornınnan tur!» dedi,
«Uǵlana sarpay ber» dedi,
Qullıq qıldı, Ernazar biy.

«Xosh bolǵay» dep meter turdı,
Ǵáziynege qádem urdı,
Meter menen birge júrdi,
Arıslan tuwǵan, Ernazar biy.

Meter barıp esik ashtı,
Hár túrli gáplerge qashtı,
Bir shekpenge talastı,
Qol uzattı, Ernazar biy.

Meter turıp sóz basladı,
Látte shapannan usladı,
Hár túrli sarpay tasladı,
Jaratpadı, Ernazar biy.

Meter turıp gúrrińlesti,
Hár túrli gápten sóylesti,
Bir shekpenge kózi tústi,
Qol uzattı, Ernazar biy.

Tanıp tur eken hasıldı,
Meter shekpenge asıldı,
Jıyılǵan sarpay shashıldı,
Jibermedi, Ernazar biy.

Shekpenge asıldı meter,
Biy zor berdi onnan beter,
— Tart qolıńdı, gelleń keter! —
Dedi arıslan, Ernazar biy....

— Xanǵa málim shekpen, — dedi,
Kóp pul menen pitken, — dedi,
Naǵıp inam etken? — dedi,
Esitpedi, Ernazar biy.

— Házireti Palwandur piri,
Yad eterler óli tiri,
Biz hám xannıń bir wáziyri.
Beriń! — dedi Ernazar biy.

— Sózim hadaldur, haram joq,
Xannıń ózine sharam joq,
Al, saǵan berer param joq,
Kimseń? — dedi Ernazar biy.

Biylik súrdi jeti pushtı,
Kim qılıpdur munday isti?
Meterdiń zárresi ushtı,
Aybat etti, Ernazar biy.

Jaratqan kún bilán aydı,
Yad etińiz bir qudaydı,
Úsh ay jatqan Qılıshbaydı[1]
Alıp shıqtı, Ernazar biy.

---

[1]**Qılıshbay** — Mańgıt janındaǵı qorǵan atı. Ol jerde Xiywa xanı arallı ózbek hám qaraqalpaq biylerin ózine qaratıw boyınsha birqansha mákkarlıq islerin iske asırǵan.

Munnan soń Xojeli keldi,
Kóp kemede keńes qıldı,
Qaraqalpaqtı jıynap aldı,
Arıslan tuwǵan, Ernazar biy.

Bárshe jám bolıp otırdı,
Ǵáziynege zer toltırdı,
Zarlıq tóreni keltirdi,
Xan kóterdi, Ernazar biy.

Bárshe xızmetke shaq boldı,
Belinde aq pıshaq boldı,
Beglerbegi inaq boldı,
Bárin jıydı, Ernazar biy.

Qazı-kálan, shayqul-islam,
Hám náhip izzeti ikram,
Bárshe turıp qıldı sálam,
Húkim etti, Ernazar biy....

... Kemeden aldı irendi,
Xan etti Zarlıq tórendi,
Asıp Qutlımurat gereńdi,
Zorlıq etti, Ernazar biy.

Dushmanına sawda saldı,
Toǵız ushan ǵáziyne aldı,
Kisi asıp, qusbegi boldı,
Arıslan tuwǵan, Ernazar biy.

Yawmıt shaqırdı kelsin dep,
Kelip Góneni alsın dep,
Másláhát bunda bolsın dep,
— Barmań, — dedi Ernazar biy.

Aytsa qaralpaq qılmadı,
«Barmań» dese til almadı,
Kópshilikten bul qalmadı,
Birge bardı, Ernazar biy.

Yawmıttan ılǵal keltirdi,
Jaqpaǵanların óltirdi,
Erligin jurtqa bildirdi,
Jalǵız ózi, Ernazar biy.

Yawmıttan doslıq kelmedi,
Atın urlap kún bermedi,
Kemlikke kóner ermedi?
Buzıp qayttı, Ernazar biy.

Biyleri másláhát etti,
Zarlıq xandı alıp ketti.
Xiywa xanın xoshwaq etti,
Xansız qaldı, Ernazar biy.

Xiywalı tókti qızıldı,
Bul sózdiń izi úzildi,
Biyler baslap jurt buzıldı,
Ǵapıl qaldı, Ernazar biy.

Arallı, qalpaq qırq mıń úyli,
Gáhi jılap, gáhi kúydi,
«Alma jegen alpıs biydi,
Kórey», — dedi Ernazar biy.

Biyler qashtı basın baǵıp,
Shiyrin janın otqa jaǵıp,
Qalanıń ústine shıǵıp,
Kútip turdı, Ernazar biy.

Biyler anda kele almadı,
Óley dese óle almadı,
Bar dese heshkim til almadı,
Ǵázep etti, Ernazar biy.

Qaraqalpaqtıń aytqan sózi,
Hasla kelispedi izi,
Xorezmde jalǵız ózi,
Erlik qıldı, Ernazar biy.

Qalǵanlardı jıynap aldı,
Izlim jolǵa qala saldı,
Qudaǵa táwekel qıldı,
Mártlik penen, Ernazar biy.

Jasawıl bası hám keldi,
Arallı, qalpaq jám boldı,
Arbalı kóshi qamaldı,
Jekke qaldı, Ernazar biy

Iyshan keldi el qılmaǵa,
Arada elshi bolmaǵa,
Jurttıń sawabın almaǵa,
Hayran boldı, Ernazar biy.

«Siz ólseńiz sheyit», — dedi,
«Ókpe-giyneńdi ayt», — dedi,
«Endi ıraydan qayt», — dedi,
— Qaytpań, — dedi Ernazar biy.

— Qutlımurat, Qabıl ekewi,
Júsipbay menen úshewi,
Ámet, Palwan hám besewi,
Slıqsın! — dedi Ernazar biy.

Aldı-artına qaramadı,
Hal-awhalın soramadı,
Biyler ana jaramadı,
Qaytıp ketti, Ernazar biy.

Batırlıqta taqlığınan,
Awızbirlik joqlığınan,
Biylerdiń qorqaqlığınan,
Ǵapıl boldı, Ernazar biy.

Góruǵlı bektey er edi,
Qatarda qosa nar edi,
Tolı jurtqa dárkar edi,
Sheyit óldi, Ernazar biy.

## AMANGELDI

Kórip tamasha qılıńız,
Ne ájayıp palwan keldi.
Kelse babasın bilgińiz,
Jurt aǵası, Amangeldi.

Amangeldi jurt aǵası,
Miyankóldiń toqsabası,
Mırza Polatdur babası,
Atı shıqqan, Amangeldi.

Asan atalıq bolǵanda,
Miyankóldi soraǵanda,
Onı dushpan óltirgende,
Qanın alǵan, Amangeldi.

Asan sonda Miyankólde,
Neshe dushpan bardı onda,
Kóp qoldawlı Túrkstanda,
Soǵan bardı, Amangeldi.

Barıp dushpandı óltirdi,
Gellesin kesip keltirdi,
Mártligin jurtqa bildirdi,
Arıslan tuwǵan, Amangeldi.

Amangeldi Túrkstanda,
Hámir etse bir zamanda,

Láshker tartıp atlanǵanda,
Bólek-bólek duman keldi.

Ashamaylı hám sandawlı,
Qostamǵalı hám qoldawlı,
Qoldawlı tórt ata ulı,
Jaqsısıdur, Amangeldi.

Ámirdiń atı Muzappar,
Hám Tahirxan, Miyrihaydar,
Shamurat, wallami Dániyar,
Barıp kórdi, Amangeldi.

Qoqan xanı qıldı zorlıq,
Qız soratıp berdi qorlıq.
Asan kórsetti duǵımlıq,
«Jılatpayman eldi» — dedi.

— Qaraqalpaq bermes qızın.
Hámmesi de meniń qozım,
Tiydirmespen tiride ózim, —
Dep Asan er Qoqan keldi.

Sózinen qaytpadı Asan,
— Qız alarsań ólsem qashan,
Watan bolmas bizge Qoqan,
Sen shuwlattıń eldi, — dedi.

Xan Asandı kóp urǵızdı,
Jáne ornınan turǵızdı,
— Bermeyseń be? — dedi qızdı,
Asan jáne sózge keldi.

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI
ILIMLER AKADEMIYASI
QARAQALPAQSTAN BÓLIMI
FUNDAMENTAL KITAPXANA
INV № 188765

Astırdı darǵa Asandı,
El dep Asan berdi jandı,
Sonı qurtqan zalım xandı,
Gelle qıldı, Amangeldi.

Amangeldidey bolmaǵa,
Barıp xannan qan almaǵa,
Gelle kesip, jan almaǵa,
Qay biriniń shamań keldi?

Qaytpadı bekten hám xannan,
Kesherler shiyrin janınan,
Amangeldiniń qolınan,
Qutılmaǵı gúman boldıń.

...Urısqanın kórseń anıń,
Qátesi joq bul dástannıń,
Qarsı kelgen ol dushpannıń,
Júreginde árman keldi.

Patshalar turǵan taxtında,
Onıń dáwletli baxtında,
Amangeldiniń waqtında,
Neshshe xannan inam keldi.

Ol Buxarı, Ǵıjduwannan,
Qashqarı, Tashkent, Qoqannan,
Ándijanı, Marǵulannan,
Tárk bolmayın dawam keldi.

Amangeldi dáwletinde,
Bárekella xızmetine,
Hárbir jurttan húrmetine,
Túrli-túrli inam keldi.

Ózi ozǵan ǵardashınan,
Ketpes dáwleti basınan,
Ol Buxardıń patshasınan,
Jarlıq móhri nıshan keldi.

Dóremes onıńday adam,
Bul sózdi ne bilsin nadan?
Olar hám ótti dúnyadan,
Neshshe túrli zaman keldi.

Jetisti allaǵa dadı,
Qoldawlıdur haslı-zadı,
Mırza Polattıń zúryadı.
Arıslan edi, Amangeldi.

## QULEN BOLÍS

### I

Jeti ıqlım jerdiń júzi,
Jurt biyhisap bolǵan emes.
Qahanı Shındur túr-túsi,
Adam anı bilgen emes.

Áwwel Jamaladdin óldi,
Nahaqtan qanı tógildi,
Xorezm bádduwa boldı,
Pirdiń qádirin bilgen emes.

Shayxı-Kubra duwa qıldı,
Din Xorezm wayran boldı,
Shıńǵıs kelip jurttı aldı,
Almay sháhár qalǵan emes.

Allahuma táwsif keldi,
Sebep yetti hajıp óldi,
Yetti hajıp shahid boldı,
Bunday shahid bolǵan emes.

Shıńǵıs kelip jurttı aldı,
Jurt halın bildi, el boldı,

Xiywa bilen Hańqa qaldı,
Ornınan qozǵalǵan emes.

Neshshe jıl ótti aradan,
Hár is bolsa bir Qudadan,
Andın soń sháhri Xiywadan,
Biylikti heshkim alǵan emes.

Naǵaday biy — jurt aǵası,
Jumlá qońırat babası,
Otız uǵılnıń atası,
Birisi kám bolǵan emes.

Naǵaday uǵlı Qarabek,
Qarabek uǵlı Jánibek,
Jánibek uǵlı Aydar, Álibek,
Bunı heshkim kórgen emes.

Ájal jetip Aydar óldi,
Ekki uǵlı jetim qaldı,
Tórtewi enshiles boldı,
Basqa talap qılǵan emes.

Tórtewinen zúryad qaldı,
Shejirede jazǵan xat qaldı,
Aydar, Álibek dep at aldı,
Bunı heshkim bilgen emes.

Dúnya biyhád hádden astı,
Tórtewi enshi alıstı,
Mallarına tamǵa bastı,
Biydárek mal qalǵan emes.

Qolǵa basqan qoldawlı,
Sanǵa basqan sandawlı,
Juplap basqan qoshtamǵalı,
Tamǵası taq bolǵan emes.

Naǵadaydıń tuńǵısh uǵlı,
Erlikte mısal Góruǵlı,
Qaramoyın shunnan boldı,
Bay boldı, ash bolǵan emes.

Góneden ketti dáwlet-baq,
Xiywada boldı paytaq,
Ádiyna atalıq, inaq,
Inaqlar xan bolǵan emes.

Bul kóńlimde kópdur árman,
Alla bolǵay dártke dárman,
Bunnan soń boldı Elbarıs xan,
Basqa xanı bolǵan emes.

Elbarıs súrdi patshalıq,
Patshalıqtı berdi xalıq,
Wáziri Aǵádil atalıq,
Basqa wázir bolǵan emes.

Íǵbal hám dáwlet shaqtında,
Patshalıq altın taxtında,
Xan hám wázirniń waqtında,
Dushman yıǵlap, kúlgen emes.

Elbarıs xan ádil ózi,
Qabıl Aǵádildiń sózi,

Júkli boldı xannıń qızı,
Basqa adam bilgen emes.

Qız biyshara qapa boldı,
Kúni jábiriw-japa boldı,
Bárha qaygı wafa boldı,
Bir kún kúlip júrgen emes.

Júralmadı bir kún kúlip,
Qalmadılar heshkim bilip,
Tuwar boldı ayı tolıp,
Adamzattan bilgen emes.

Tolǵaq keldi bul nasharǵa,
Dińke joq ayaq basarǵa,
Heshbir sańlaq joq qasharǵa,
Boyda quwat qalǵan emes.

Tolǵaq tuttı, dińke ketti,
Túrli-túrli qıyal etti,
Qız tuwar halatqa jetti,
Basqa ilaj tapqan emes.

Bardı da bir tamǵa kirdi,
Bir Allaǵa eńirey berdi,
Haqtıń salǵan isin kórdi,
Jaqınlap tur, tuwǵan emes.

Bul nasharǵa quda berdi,
Bir ter bilen júzin juwdı,
Porsıqtay appaq ul tuwdı,
Tolǵaq qıyın bolǵan emes.

Kóz jarıp, kóńlin xoshladı,
Baladan belin boshladı,
Aparıb qándekke tashladı,
Bala tiri, ólgen emes.

Qızdıń qarań danasına,
Búyiri burıp balasına,
Orap góne qamqasına,
Basqaǵa oraǵan emes.

Saqshılar gezip júredi,
Qándekte balanı kóredi,
Aparıp xanǵa beredi,
Bum heshkim bilgen emes.

Qayǵısı joq más bala,
Kewli xosh, ózi más ǵana,
Qıp-qızıl shaqa jas bala,
Jılasa da, kúlgen emes.

Birazlar aytar — perishte,
Kórgenler aytar áreste,
Qıp-qızıl shaqa náreste,
Aradan kún ótken emes.

Bul bala emes biydárek,
Aq sút penen juwsa kerek,
Jańa ǵana tuwsa kerek,
Lábleri de kepken emes.

Kózin ashıp jumbay jatqan,
Kirpigine qanlar qatqan,

Jay shıǵadı yarım batpan,
Hesh waq boyǵa pitken emes.

Qolda barın bersem dedi,
Esitkenler kórsem dedi,
Kórmey árman ólsem dedi,
Ret kútip turǵan emes.

Aǵádil xanǵa arız etti,
Hárne barın xarıj etti,
Aytıp sózini parız etti,
Gápi jerde qalǵan emes.

Xan háziret inam qıldı,
Aǵádil balanı aldı,
Aǵádildiń ulı boldı,
Basqa adam bilgen emes.

Attan aygır, atan soydı,
Xalqın jıynap berdi toydı,
«Qándekli» dep atın qoydı,
Basqasha at qoyǵan emes.

Bilgen adam «xan tekli» der,
«Qamqa tonnan jórgekli» der.
Bilmegenler «qándekli» der,
Ekewi de jalǵan emes.

Bala on úsh jasqa jetti,
Aǵádildiń jolın etti,
Kórgen adam táslim etti,
Bunday jigit bolǵan emes.

Qırmızı qamqa kiydirdi,
Arǵımaqtan at mindirdi,
Hasıl jerden úylendirdi,
Biyhasıldan alǵan emes.

Bul qız bilen dáwran súrdi,
Neshshe aylar birge júrdi,
Birge jatıp, birge turdı,
Ay toldı, jıl tolǵan emes.

Álǵáráz, aradan jıl ótti,
Waqıt shawıp ótip ketti,
Bul qızǵa hámile pitti,
Uǵlın, qızın bilgen emes.

Kúni pitti, qız ul tuwdı,
Tuwıp, máhkám belin buwdı,
Suw ornına sútke juwdı,
Izi ada bolǵan emes.

Aǵádildán besh uǵıl bar,
Biri-birinen támizkár,
Qándeklisi boldı sárdar,
Tórti anday bolǵan emes.

Birinin atı Tolıbay,
Ekinshisi Jaqsıbay,
Mayanbay bilán Qoyanbay,
Bashqa atnı qoyǵan emes.

Qándekliden úsh ul tuwdı,
Atasının jolın quwdı,

Árwana sútine juwdı,
Dos-dushpanı bolǵan emes.

Laǵlı-zumrat, gáwhar, polat.
Qırq sadaq — ol quyrıq-qanat,
Onnan soń boldı Toqpolat,
Bunday batır bolǵan emes.

Bársheni jaratqan quday,
Neshshe kún ótti, neshshe ay.
Toqpolat, Qaljan, Qalıbay,
Bularday er bolǵan emes.

Alla tuǵrı názer saldı,
Bulardan soń Qulen boldı,
Aqıl-ǵayratlı jan boldı,
Biyǵayrattan bolǵan emes.

Qulen ash boldı, toq boldı,
Gáhi bar, gáhi joq boldı,
Aqırı dáwlet-baq qondı,
Hesh waqıt qor bolǵan emes.

Biypáhimler aǵzın jappas,
Biyaqıllar arǵa shappas,
Er qıynalmay dúnya tappas,
Maldıń ózi kelgen emes.

Bir kemliktiń kámalı bar,
Menmenliktiń zawalı bar,
Hár bendeniń bir halı bar,
Adam birdey bolǵan emes.

Qıtay-qıpshaq, mańgıtta,
Ornadı dáwlet-baxıt ta,
Kemtarlıqtan hesh waqıtta,
Es-aqılın joyǵan emes.

Beypil dúnya, altın-gúmis,
Altı ay jas, altı ay qıs,
Jarlılıq degen qıyın is,
Buǵan duwshar bolǵan emes.

Astında oynap dúldúli,
Baǵında sayrap búlbúli,
Altı ay jaz jaynap gúli,
Qısında da solǵan emes.

Suńqar jaralmısh uyada,
Dáwleti boldı zıyada,
Kimler atlı, kim piyada,
Xızmetinen qalǵan emes.

## II

Bul sózime qulaǵıń sal,
Aqlıń bolsa, Qulen bolıs.
Sóz mánisin abaylap qal,
Zeyniń bolsa, Qulen bolıs.

Túsinerseń, bolsa zeyniń,
Túsinip alǵan soń, meyliń,
Biz bilen kelmesin oynıń,
Xabardar bol, Qulen bolıs.

Berdimurattan bol xabardar,
Shayırlıq bir hónerim bar,
Quda berip, boldıń sárdar,
Dáwletiń mol, Qulen bolıs.

Miynet etip bir jay saldıń,
Neshshe kún, neshshe ay saldıń,
Patsha kibi saray saldıń,
Keyni bolǵay, Qulen bolıs.

Aqırın Alla ońlaǵay,
Sońı pushayman bolmaǵay,
Ornıńdı dushman almaǵay,
Quda bergey, Qulen bolıs.

Haq kewilli niyetińniń,
Jayǵa qılǵan ziynetińniń,
Iygilikli miynetińniń,
Keyni bolǵay, Qulen bolıs.

Jaydı pishtiń jerdi qalap,
Kúnlikshiler etti talap,
Haqın berdiń aqsha sanap,
Ádil boldıń, Qulen bolıs.

Qırq sadaqlı Toqpolattan,
Qol úzbediń hasıl zattan,
Hár kúnine bir manattan,
Kem bermediń, Qulen bolıs.

Turdıń basında taltayıp,
Jánibek xanday shalqayıp,

Kúnlikshi qarnı qampayıp,
Toyıp júrdi, Qulen bolıs.

Tam tırnaǵı merwert tastan,
Jarma esik bar aǵashtan,
Ǵubbası altın, gúmisten,
Tásiyin saǵan, Qulen bolıs.

Ál-hawada dárejeńiz,
Tań qalarlıq rejeńiz,
Qırq segiz qabat ójireńiz,
Bul ne degen, Qulen bolıs.

Inanbasań, óziń sana,
Kúnde keler eshki, tana,
Segiz qabat seyisxana,
Ráhmet sizge, Qulen bolıs.

Inanbasań, óziń sana,
Kúnde keler serke, tana,
On tórt qabat ǵállexana,
Nesip etsin, Qulen bolıs.

Inanbasań, óziń sana,
Kúnde keler qoshqar, tana,
Altı qabat miymanxana,
Bárekella, Qulen bolıs.

Inanbasań, óziń sana,
Kúnde keler baspaq, tana,
Eki qat digirmanxana,
Sol jayıńda, Qulen bolıs.

Inanbasań, ózıń sana,
Kúnde keler qoshqar, tana,
Eki qabat juwazxana,
Bular da bar, Qulen bolıs.

Inanbasań, ózıń sana,
Kúnde keler taylaq, tana,
Eki qabat qarazxana,
Ármanıń joq, Qulen bolıs.

Hár ójirede on bir ağash,
Kórgen aytar "áneqalas",
Ishine tósewli palas,
Quda bergen, Qulen bolıs.

Heshbir janğa kelmes nırqıń,
Hám sıbattıń ishi-sırtın,
Hayran qaldı eli-jurtıń,
«Áfáriyn» dep, Qulen bolıs.

Sóz mánisin bilmes nadan,
Dańqıń bálentdur shadan,
Bul jayıńdı kórgen adam,
«Álhábbiz» der, Qulen bolıs.

Neshshe mıń túp daraq ektiń,
Kúnlikshige mehir tóktiń,
Hayyarların urıp-sóktiń,
Qahárlisen, Qulen bolıs.

Úyreklerge salıp lashın,
Kórdiń túrli tamashasın,

Ektirgen túrli ağashıń,
Nurlanıp tur, Qulen bolıs.

Daraqlarıń nurlamp tur,
Shamal bilán ırğalıp tur,
Kórgenniń miyri qanıp tur,
Bağlarıńdı, Qulen bolıs.

Dasturqanda nan-shóregiń,
Tabaqta yağlı bóregiń,
Jeti júz túp aq teregiń,
Sanap kórdim, Qulen bolıs.

Qarun bayday jıyğan malıń,
Heshkimnen kem emes halıń,
Ekki mıń túp qara talıń,
Ótirik emes, Qulen bolıs.

Bul sózimni báwar qılıń,
Endigisin óziń biliń,
On jeti túp torańğılıń,
Minar yańlı, Qulen bolıs.

Ótip ketti neshshe janlar,
Sendey emes edi alar,
Bálent hawalı aq tallar,
Jetpis bir túp, Qulen bolıs.

Jasım ulğaydı, soramań,
Kem-kem qartayıp baraman,
Ne gújimler, ne qaraman,
Sende kórdim, Qulen bolıs.

Bul sózime qulaq salıń,
Ashılsın baxtı-ıǵbalıń,
Toqqız júz túp toǵaytalıń,
Baǵıńda bar, Qulen bolıs.

Yalǵan emes ushbuw sózim,
Araladım, kórdi kózim,
Altı júz túp shabdalı, júzim,
Násiyp etsin, Qulen bolıs.

Kórgeniṅde mehriń qanar,
Piste, alma, ánjir, anar,
Úsh júz shiye, bes júz shınar,
Baǵıńda bar, Qulen bolıs.

Qádiriṅdi bilmes nadan,
Ne bilsin kórmegen adam,
Qurma-qurjı, behi-badam,
Bárshesi bar, Qulen bolıs.

Jarılqaygór meni jabbar,
Baǵıń bostandur, lalazar,
Múshki ánbarday hiydi bar,
Baǵlarıńnıń, Qulen bolıs.

Dúnyanıń ayshı-ishráti,
Jeseń, janıńnıń ráháti,
Jánnetke megzer sıpatı,
Baǵlarıńnıń, Qulen bolıs.

Baǵıńda túrli jemis bar,
Bunnan hám artıq ne is bar,

Ziyada sákkiz behish bar,
Násip bolsa, Qulen bolıs.

Birneshsheler mıń túp deydi,
Neshsheler mıńnan da kóp deydi,
Kelinbarmaq, ekpe jiyde,
Bağıńda bar, Qulen bolıs.

Erinbey aralap júrip,
Sanadım kóz bilen kórip,
Otız ğoza, mıń túp erik,
Bağıńdadur, Qulen bolıs.

Berdimurat kórip jazar,
Kórgenlerdiń kózi qızar,
Bunnan artıq neler ozar,
Bağıń bostan, Qulen bolıs.

Ayta bersem, uzaq dástan,
Jaza bersem qaldırmastan,
Bunıńdayın bağı-bostan,
Kimlerde bar, Qulen bolıs.

Qas qağıp, sharap ishpege,
Taraqlap belden qıspağa,
Azanlı-keshli túspege,
Sárháwiziń, Qulen bolıs.

Jaqın bolıp qonıs-irge,
Siziń menen bolsam birge,
Qazam jetip, usı jerde,
Ólsem qáne, Qulen bolıs.

Sırtı tolıp tur egiske,
Ishi tolıp tur jemiske,
Sıpatı megzer beyishke,
Baǵlarınnıń, Qulen bolıs.

Nala shegip turar qushlar,
Duǵa qılar kóp dárwishler,
Shul sıpatta yazıw-qıshlar,
Quda bergen, Qulen bolıs.

Izzetlerseń alım kelse,
Háziń bolmas nadan dese,
Altın sháynek, gúmis kese,
Jez samawrın, Qulen bolıs.

Múwázzinin aytar azanın,
Jayısań molla, xojanıń,
Tárk bolmas shúlen qazanıń,
Kúndelikli, Qulen bolıs.

Qazı keler, joqdur sanı,
Úyiń bolıs, biydiń káni,
Aqıl bolsań, ashtan tanı,
Bolma ǵapıl, Qulen bolıs.

Bedew mingen daǵdan asar,
Dárya kibi tolıp-tasar,
Xızır kórgen uzaq jasar,
Ómiriń uzaq, Qulen bolıs.

Dáwletiń zıyat paytaxtan,
Arjaǵı menen berjaqtan,

Altı ruw qaraqalpaqtan,
Miyman keler, Qulen bolıs.

Jánibekke wázir bolıp,
Xan aldında xızmet qılıp,
Hár sózine mıń teńge alıp,
Jiyrenshe ótken, Qulen bolıs.

Sahra xalqı jabanında,
Múyten-qońırat elatında,
Aydos biydiń zamanında,
Kúnxoja ótti, Qulen bolıs.

Kóriń bul zamannıń túrin,
Bolıp tur xalıqqa bir qırın,
Berdimurat der, bizden burın,
Ájiniyaz ótti, Qulen bolıs.

Nan ornına qanǵa toyıp,
Ólikti gúdilep qoyıp,
Hár mezgilge adam soyıp,
Zuhaq ótken, Qulen bolıs.

Ishpey-jemey maldı jıynap,
Kórmey bir kún miyman sıylap,
Otız dúrkin maldı aydap,
Qarun ótken, Qulen bolıs.

Kóp ishinde júziń jarqın,
Bul sózimniń ańla parqın,
Qızılbastıń shawıp xalqın,
Góruǵlı ótken, Qulen bolıs.

Mádiynada Muhammed,
Túrkstanda Xoja Axmed,
Keltirip taat-ibadat,
Bular da ótti, Qulen bolıs.

Baq-dáwlátiń bolsın abat,
Sheker shaynap, jediń nabat,
Zamanıńda Berdimurat,
Biz hám óttik, Qulen bolıs.

Bársheni jaratqan bárhaq,
Basqa dáwlet, bizge ber baq,
Qarǵabaydıń ulı Berdaq,
Táriyip etken, Qulen bolıs.

Aytqanları unap kópke,
Sóylegeni ketpey tekke,
Bizden burın erterekte,
Fizuliy ótken, Qulen bolıs.

Kúnxojanı kórdi kózim,
Esittim Ájiniyaz sózin,
Maqtımqulı, Nawayı izin,
Men basarman, Qulen bolıs.

Kimler miner altın taxtqa,
Kimseler jeter baxıtqa,
Bilmem, aldaǵı waqıtta,
Kimler óter, Qulen bolıs.

Rasulge úmmet, haqqa qulman,
Bir Allanıń isin bilmen,

Jabanda ósken búlbúlem,
Waqtım ótti, Qulen bolıs.

Jasım qırqta, jılım tıshqan,
Tilim júyrik ushqan qustan,
Sóz quyılar tumlı-tustan,
Qıyallansam, Qulen bolıs.

Usı bıyıl kirdim qırqqa,
Qırqqa kirip, turdım nırqqa,
Altı urıǵ qaraqalpaqqa,
Atım málim, Qulen bolıs.

Saǵan aytar gápim soldur,
Sóyley bersem, sózim moldur,
Mákanjayım — Batpaqkóldur,
Kerek bolsam, Qulen bolıs.

Áwwel shayxı Hábibulla,
Alla yar bol, pirim qolla,
Berdimurat der, inshaalla,
Jayıń jánnet, Qulen bolıs.

## SHEJIRE

1. Ásuwlillah buraq múnúb,
Qabı qáwseyn barǵan ekán.
Xuda birlán raz aytıshıb,
Haq diydarın kórgán ekán.

2. Gúlyúzlári shámsi qámár,
Ábúwbákir, házreti Omar,
Osman, Áliy – tórt cháháryar,
Payǵambarnıń yaram ekán.

3. Otúz úch mıń sahabası,
Júmlá arabnıń qábiylesi,
Xızmet etdilár bárchási,
Payǵambarnıń zamanı ekán.

4. Kúrúnlar xalıqnıń shejeresin,
Eshitib shejereniń mánisin,
Bárchániń ata-babasın,
Aytıb báyan qılǵan ekán.

5. Ánás, Málik ekki kishi,
Payǵambarnıń sahabası,
Ánás qazaqnıń babası,
Shundın alash bolǵan ekán.

6. Máliknıń uǵlı Razıhaq,
Yashlıqında qoydı qulfaq,
Kiygán ekán qara qalfaq,
Shundın «qalfaq» bolǵan ekán.

7. Sáhra xalqı kechüb gezmák,
Kántli erür watan tüzmák,
Qalfaqnıń uǵlıdur Ózbek,
Ózbek yekke bolǵan ekán.

8. Ózbek yashında üylendi,
On beshinde uǵlı boldı,
Anıń atın Jiyán qoydı,
Jiyán batır bolǵan ekán.

9. Jiyánniń yoqdur aǵası,
Birgá tuwǵan hám inisi,
Jiyán qoymaqnıń mánisi.
Qız on jaqda tuwǵan ekán.

10. Jiyángá haq názer saldı,
Mal dünyası abad boldı,
Jiyán zayıfnı kób aldı,
Üsh zayıfı bolǵan ekán.

11. Baybichediń Mayqı tuwdı,
Sıpayıchılıq yolın quwdı,
Ozaldan ózi biy boldı,
Xan atası bolǵan ekán.

12. Mayqınıń uǵlı Jayılǵan,
Yáne birisi Seyilxan,
Jayılǵan atı uran bolǵan,
Qońırat uran qılǵan ekán.

13. Jayılğan bilán Seyilxan,
Seyilxan yawmıt túrkmen bolğan,
Mayqıdan tuğub ayrılğan,
Ol Qońıratnıń tuwğanı ekán.

14. Bir zayıfı Sárnaz ekán,
Húwri páriniń ózi ekán,
Qıtay xotannıń qızı eken,
Jiyán shunnan alğan ekán.

15. Sárnazdan tuwdı Xıtaybek,
Xıtay tonın qıldı jórgek,
Yáne biriniń atı Chak,
Xıtay Qıpchaq bolğan ekán.

16. Malı-dúnya tilla boldı,
Kiygán tonı hillá boldı,
Xıtaybek damulla boldı,
Ilim talab qılğan ekán.

17. Molla namaz shuruetdi,
Chak aldıdın yúgúrúb ótti,
Namazını fasıd etdi,
Ol buzğuwchı bolğan ekán.

18. Chaq yash bala erke uğlı,
«Qıb» demáklik arab tili,
Qıbchadur túrki mánisi,
Shunnan qıbchak bolğan ekán.

19. Xıtaybek hám qoy jıynadı,
Qoyı jáhánge sıymadı,
Uyalı tawlarnı jayladı,
Ultaw uran bolğan ekán.

20. Qıbchak hám yılqı jıynadı,
Jellege qulın bayladı,
Qımz sabasın sayladı,
Toqsaba uran bolǵan ekán.

21. Bir zayıfdıń ekki uǵlı bolǵan,
Múytán bilán Xıyat tuwǵan,
Tuwǵan anası Aruwxan,
Xıtayǵa uran bolǵan ekán.

22. Jiyán ortasına qondı,
Mayqı oń yanına qondı,
Xıtay sol yanına qondı,
Shunnan oń, sol bolǵan ekán.

23. Múytán tuqumı tenták boldı,
Jayılǵanǵa sawda saldı,
Jayılǵan bay bárin qırdı,
Ekki bala qalǵan ekán.

24. Onnan eki bala qalǵan,
Balanı asırab saqlaǵan,
Asırab saqlaǵan Aqcholfan,
Múytánge uran bolǵan ekán.

25. Ózbek yáne zayıf aldı,
Qalıńı yetti san boldı,
Yetti san at shunnan qaldı,
Onnan úsh uǵıl tuwǵan ekán.

26. Teke, Kene biri Mańǵıt,
Mańǵıt diyán kúlli Mańǵıt,
Teke diyán Teke yawmut,
Kene Mańǵıtnıń tuwǵanı ekán.

27. Kene Mańǵıtdur aǵası,
Kene tentekdur inisi,
Hár ish etse kesdur ishi,
Ol Keneges bolǵan ekán.

28. Chellárde gezer jeranı,
Jeranǵa qurǵan aranı,
Keneges, mańǵıt uranı,
Chawlı chawqay bolǵan ekán.

29. Múytán, qońırat, xıtay, qıbchaq,
Keneges – mańǵıt jup, teke taq,
Bári altı ruw qaraqalfaq,
Ózbekdiń ayrılǵan ekán.

30. Aylanurlar neche zaman,
Ullı yurtlar bar musılman,
Anıń padshası Altun xan,
Ullı padshah bolǵan ekán.

31. Padshahda bardur altun taxt,
Xuda berdi hám dáwlet-baxt,
Ol padshahnıń fárzándi yok,
Bir nacharı bolǵan ekán.

32. Asıl áwlad der zatını,
Kórdúm shejerede xatını,
Almalı kórúkli dep atını,
Húwr páriydin bolǵan ekán.

33. Padshah qızına jay saldı,
Jánnát kibi saray saldı,
Qırq qıznı xızmátkár qıldı,
Padshah kibi bolǵan ekán.

34. Kúmúsh ayna, altún taraq,
Jayını kórseń zárwaraq,
Qoyúb gáwhári-shámchiraǵ,
Shunnan yaxshı bolǵan ekán.

35. Salǵan ekán ullı jaynı,
Yedi nabat, shákár, chaynı,
Qız kórmádi kúnúw aynı,
Shul jayda bánd bolǵan ekán.

36. Ol qız on besh yashqa kirdi,
Shul sarayda ómir súrdi,
Jaynı teshib kúnni kórdi,
Kúngá háwes bolǵan ekán.

37. Qız achıldı sháyde boldı,
Neche yıllar ayda boldı,
Shundın hámilá payda boldı,
Kúndin báhrá alǵan ekán.

38. Alqıssa qız yúkli boldı,
Bu sırnı anası bildi,
Altun xanǵa báyan qıldı,
Padshah hayran bolǵan ekán.

39. Altun xannı hiyal tutdı,
Ustalarına ámir etdi,
Ustalar sanduq túzátdi,
Altundın qaflaǵan ekán.

40. Qız hámilá yazuk bilán,
Kiyim-kenshek, azıq bilán,
Malı-dúnya qızıq bilán,
Ol sanduqǵa salǵan ekán.

41. Qız biychara turdı-yatdı,
Namazsham boldı, tań atdı,
Sanduqnı dáryaǵa atdı,
Padshah ámir qılǵan ekán.

42. Ekki adam mergán erdi.
Kiyik, qulan atar erdi,
Dáryada sanduqnı kórdi,
Ekkisi dush bolǵan ekán.

43. Birinin atı Tomawıl,
Yáne biri Shaban kórdi,
Maqsuwdını xuda berdi,
Tilák qabul bolǵan ekán.

44. Tomawıl mıltıq kózládi,
Nıshanı berik túzládi,
Shaban atma dep sózládi,
Andın soń atmaǵan ekán.

45. Altun sanduq ziyad dedi,
Zárár bolsa uyat dedi,
Tuǵrı atma xıya at dedi,
Shundın xıyat bolǵan ekán.

46. Tomawılnıń qáhári yatdı,
Sanduqnıń burchına atdı,
Qırǵa aylandı, bular tutdı,
Suwdan súyráb alǵan ekán.

47. Ekki mergán hám sózleshdi,
Máslahát qılıb oylashdı,
Ichi-tıshına faylashdı,
Máslahát shul bolǵan ekán.

48. Shabankór altunnı aldı,
Tomawıl táwekkel qıldı,
Anıń fayı ishi boldı,
Wádesi shul bolǵan ekán.

49. Merganlár dáryadek tashtı,
Ol sandukınıń aǵzın ashtı,
Qıznı kórib aqlı shachdı,
Bir fariy olturǵan ekán.

50. Ayat, hádiysdur sózlári,
Jan alur jaduw kózlári,
Shámsi qámárdur yúzlári,
Ilahiydin bolǵan ekán.

51. Kórúńlár aslı-zadını,
Eshitińler iltifatını,
Láylátúl aqsham tolǵatdı,
Ayı, kúni tolǵan ekán.

52. Sanduq aqǵan dárya suwdı,
Ol nacharnı násib quwdı,
Házireti Yúwsifdák uǵul tuwdı,
Atın Chıńǵıs qoyǵan ekán.

53. Andın soń Tomawıl aldı,
Rásúwl súnnát nekah qıldı,
Tomawıldıń bir uǵıl boldı,
Bódentay bolǵan ekán.

54. Ol nacharǵa rehmát yaǵdı,
Himmet qurın belge buǵdı,
Yáne hám bir uǵıl tuǵdı,
Ol Bárkeltay bolǵan ekán.

55. Tomawılnıń uch uǵlı bar,
Chıńǵıs baǵda lala gúlzar,
Eránlar piyrlár Mádedkál,
Aslı kúndin bolǵan ekán.

56. Bular keldi onbesh yashǵa,
Ana birdur, ata bashqa,
Ekki inisi Chıńǵısǵa,
Kób yamanlıq qılǵan ekán.

57. Ol ikkisi táráf boldı,
Chıńǵısǵa yamanlıq qıldı,
Chıńǵıs yurtdan ketár boldı,
Kóńli yaman qalǵan ekán.

58. Chıńǵıs aytdı men ketárman,
Dárya órine yetárman,
Barıb shunda jay tutarman,
Nasibem shul bolǵan ekán.

59. Almalı kórúkli yıǵladı,
Chıńǵıs baǵrını daǵladı,
Ayralıqǵa bel baǵladı,
Zarıgiryan bolǵan ekán.

60. Chıńǵıs: yazlarman, qıshlarman,
Násıb awlardın ushlarman,
Fárin dáryaǵa tashlarman,
Nıshanım shul bolǵan ekán.

61. Anası ayttı kúlmásmán,
Ólúk-tirikini bilmásmán,
Ájel yetmey men ólmásmán,
Deyib afǵan qılǵan ekán.

62. Anajan, mańa jawab ber,
Haqqımǵa dua qılıb tur,
Háftáda bir dáryanı kór,
Deyib wádá qılǵan ekán.

63. Fanıy dúnyaǵa kelgánim,
Fár aqsa aman bolǵanım,
Wágár aqmasa ólgánim,
Chunnan malum bolǵan ekán.

64. Aslı áwlad yetti pushdıń,
Aqraba yoq qáwmi xıyshıń,
Sen hám mendin ayra tushdiń,
Nesiybáń shul bolǵan ekán.

65. Mendin sana sebeb boldı,
Jayıń qaldı xarab boldı,
Kúyib baǵrım kábab boldı,
Ázelde yazılǵan ekán.

66. Ájel kelib jan chıqsa tándin,
Razı bolǵıl anam mendin,
Men hám ayra túshtúm sendin,
Baxtım qara bolǵan ekán.

67. Qulaq salıń oshbu sózgá,
Ómirim yetmás toqsan-yúzgá,
Ozal bashtan allah bizgá,
Ayralıqtı salǵan ekán.

68. Yıǵlarman anam—kabam deb,
Mehriban pushtı fanam deb,
Sen yıǵlarsań jan balam deb,
Qıyamet kún bolǵan ekán.

69. Bala ananıń kóz yashı,
Urdı fáleknin gárdishi,
Sabır qılmaq márdniń ishi,
Shúkir subhan qılǵan ekán.

70. Yıǵlamaǵıl qayǵu-ǵam yeb,
Qılǵıl duanı ruwzı sháb,
Seni haqǵa tafshurdım deb,
Xoshlashıb ayrılǵan ekán.

71. Eli-xalqı fuqarası,
Tul yetimniń kózdá yashı,
Biyıxtıyar mah-bashı,
Yurtı wáyran bolǵan ekán.

72. Yaxshılar másláhát qıldı,
Almalı kórúklige keldi,
Kelib bir uǵlın tiládi,
Tilák qabul bolǵan ekán.

73. Tilákini qabul etdi,
Kelgánlerniń ishi bitdi,
Chıńǵıs yurtdan chıqıb ketdi,
Deyúb, afǵan qılǵan ekán.

74. Bu ekki uǵlım xan bolmas,
Mundın mazluq insan bolmas,
Xan bolub yurt tuta bilmes,
Ekki uǵlın sınaǵan ekán.

75. Qırq adam talab qılıńlar,
Hár yerge soraw salıńlar,
Chıńǵısnı tafıb alıńlar,
Xanıńız shul bolǵan ekán.

76. Aytǵan sózi naqıl boldı,
Almalı kórúkli aqıl boldı,
Bu sóz yurtǵa maqul boldı,
Fatıha oquǵan ekán.

77. Hár ruwǵa xabar saldı,
Torı at múnúb Mayqı keldi,
Qırq kishigá bashchı boldı,
Mayqı sárdar bolǵan ekán.

78. Qırq adam bolun jám dedi,
Qońıratlı yigit kim dedi,
Shul torı atnı qońırat dedi,
Shundın qońırat bolǵan ekán.

79. Muytán uranı Aqcholfan,
Xıyat uranı Aruwxan,
Mayqıbiy Qońırat bolǵan,
Ekkisi qoshulǵan ekán.

80. Sózdiń farqın bilmás nadan,
Áwwel adam axır xatam,
Niyet etip qoydı qádem,
Xannı talab qılǵan ekán.

81. Bir neche kúnlár yol yúrdi,
Kóli biyaban chól yúrdi,
Hár bir yergá soraw saldı,
Hech xabar bolmaǵan ekán.

82. Ne yerlárniń suwın ichdi,
Ne sawdalar basha tushdi,
Aradan altı ay kechdi,
Shuńacha tabmaǵan ekán.

83. Tákábbirlik tawazını,
Haq kechúrsin yazıqını,
Áda qıldı azuqını,
Ach-áftada bolġan ekán.

84. Mayqı tabdı aqıl oydı,
Hár kúnde bir atnı soydı,
Atnıń etine bir toydı,
Shunda awqat qılġan ekán.

85. Sárdar bashı Mayqı biydi,
Otuz toqız atnı soydı,
Mayqı atın sońġa qoydı,
At yaxshısı bolġan ekán.

86. Gezdi neche báland tawnı,
Dárya, teńizni, atawnı,
Bir kún kórdi aq otawnı,
Maydanda qurılġan ekán.

87. Sárdarı Mayqı biy ekán,
Aq otaw Chıńġıs úyi ekán,
Ataw bir belli jay ekán,
Shul atawda bolġan ekán.

88. Ózgási maydanda qaldı,
Ekki adam tıńchı boldı,
Namazshamda Chıńġıs keldi,
Atdın túshúb baylaġan ekán.

89. Awlarını úygá aldı,
Ochaq qoyub qazan astı,
Qazanın asıb et saldı,
Eti qaynab pishkán ekán.

90. Ózi qaynadı, pishádi,
Bismillah deb bir achadı,
Etin jub-jubdan qoshadı,
Káramatın qılǵan ekán.

91. Miyasar etdi jabbar haq,
Xannıń tabaǵın qoydı taq,
Yasadı yigirma bir tabaq,
Kelgánlárin bilgán ekán.

92. Ashnı chara-chara qoydı,
Xan tabaǵın dara qoydı,
Biygá ekew ara qoydı,
Wáliyullah bolǵan ekán.

93. Alıń, alıń, alıń dedi,
Siz mehriban boluń dedi,
Bárini bir ózi yedi,
Fatıha oquǵan ekán.

94. Shunda bular xabarlashdı,
Úygá kirib salamlashdı,
Aman-esánlik sorashdı,
Sózláshib tanıshǵan ekán.

95. Mehman bolub shunda yatdı,
Erdesi bilán tań atdı,
Mayqı bárine sóz qatdı,
Xan másláhát bolǵan ekán.

96. Qoydı qushbegi, mehterdi,
Chıńǵıs xannı xan kótárdi,
Mayqıǵa ıxtıyar berdi,
Xan atası bolǵan ekán.

97. Xan názerinde dárgahnı,
Qurub otawda bárgahnı,
Máslahát qıldı arbanı,
Arba kerák bolǵan ekán.

98. Qońırat tabdı bir arısın,
Mańǵıt tabdı bir arısın,
Ózgá aǵachnıń bárisin,
Ózgálárgá salǵan ekán.

99. Shunda qańlı usta boldı,
Qaǵıp, soǵıp arba qıldı,
Shúyit hám shúyini saldı,
Shunnan shúyit bolǵan ekán.

100. Arbaǵa Chıńǵıs xan mindi,
Xan atası Mayqı mindi,
At jegib arba qıldı,
Yolǵa ráwan bolǵan ekán.

101. Birneche künlár yol yürdi,
Ǵuwlı biyban chól yürdi,
Aman-esán elgá keldi,
Xannı alıb kelgán ekán.

102. Qırıq keche, kündüz toy qıldı,
Bayraq qoyub atın chabdı,
Mergán altun qabaq atdı,
Toyın tamam qılǵan ekán.

103. Xan keldi yurtı toq boldı,
Uǵrı-qaraqchı yoq boldı,

Zorluqı yoq teńlik boldı,
Yurtı abad bolǵan ekán.

104. Chıńǵıs aslı kimdin boldı,
Atası yoq kúndin boldı,
Etdi Sultan hám yarım xan,
Chıńǵıs xannıń áwladı ekán.

105. Jánibekxan hám Jańayxan,
Anıń uǵlı Toqtamıshxan,
Qazaq ichinde xan, sultan,
Chıńǵısxannıń zúryadı ekán.

106. Ekki uǵlı Tomawıldan,
Bóndánátay shunnan bolǵan.
Bórkáltayı Dáwimbaydan,
Tomawılınıń zúryadı ekán.

107. Bundıjar bilán Qaǵınjar,
Chaljuwıtı yene hám bar,
Múytán, xıyat boldı bular,
Tóreden ayrıǵan ekán.

108. Áwwel babamız Mayqı biy,
Anıń uǵlı Jayılǵan biy,
Jayılǵannıń uǵlı Naǵaday,
Naǵaday biy bolǵan ekán.

109. Naǵaday biy yurt aǵası,
Júmlá Qońıratnıń babası,
Otuz uǵlunıń atası,
Uǵlı otuz bolǵan ekán.

110. Eshitiń yáne bir sóz bar,
Sóz mánisin bilmák dárkar,
Jayılǵan uranlı Qońırat bar,
Otuz uǵulnıń zúryadı ekán.

111. Batırlar kirse sawashǵa,
Názer etmás daǵdın dashǵa,
Jayılǵandın uranı bashqa,
Múytán bilán Xıyat ekán.

112. Qońırat uranı Jayılǵan,
Múytán uranı Aqcholfan,
Xıyat uranı Aruwxan,
Ayal uran bolǵan ekán.

113. Asıl áwlad der zadını,
Kórdúm shejerede xatını,
Ayal demekniń atını,
Bálki erdán zıyad ekán.

114. Naǵaday uǵlı Qarabek,
Anıń uǵlı Jánibek, Qállibek,
Jánibek uǵlı Haydar, Áliybek,
Uǵlı ekki bolǵan ekán.

115. Áliybektiń uǵlı Aǵádil,
Yáne birisi Bayádil,
Haydardın Edil, Janádil,
Ol hám ekki bolǵan ekán.

116. Ájel yetti Haydar óldi,
Ekki uǵlı yetim qaldı,

Tórtisi enchilásh boldı,
Birgá talab qılǵan ekán.

117. Dúnya biyjay háddin ashdı,
Ol tórtisi enchi alıshdı,
Mallarına tamǵa bastı,
Tamǵa shundın qalǵan ekán.

118. Qolına basǵan qoldaǵlı,
Sanǵa basǵan Achamaylı,
Jubdan basǵan Qostamǵalı,
Tamǵası qos bolǵan ekán.

119. Tórtisindin zúryad qaldı,
Yazılǵan shejere xat qaldı,
Haydar, Áliybek dep at qaldı,
Sebebi, shul bolǵan ekán.

120. Naǵaday uǵlı Qarabek,
Qarabekniń uǵlı Hállibek, Jánibek,
Hállibek uǵlı Quljan, Tolıbek,
Ol hám ekki bolǵan ekán.

121. Ekkisi sawdager boldı,
Xannan jıǵalı xat aldı,
Shunnan Xanjıǵalı boldı,
Sebebi shul bolǵan ekán.

122. Quljan sawdager geji aldı,
Geji satıp sawda qıldı,
Shunnan Búgejeli boldı,
Geji sebep bolǵan ekán.

123. Ağadil uğlı Tolıbay,
Tolıbay uğlı Tınıs, Sarıbay,
Sarıbaynıń uğlı Bádekbay,
Bazargúlfeń bolğan ekán.

124. Bazargúlfeń uğlı Tomay,
Bárcheni yaratdı xuday,
Yáne birisi Meńlibay,
Onnan Maychı bolğan ekán.

125. Tomay elchi darxan boldı,
Ol Tomaydan besh uğul tuğdı,
Beshisi hám kóse boldı,
Beshi Beshkemfir bolğan ekán.

126. Xojakeldi, Hajıkeldi,
Hajıkeldi ullı bay boldı.
Uğlı Xankeldi, Jankeldi,
Yáne biri Sultan ekán.

127. Xankeldi ulı Qarabas,
Qarabas uğlı Eshjan, Niyaz.
Niyaznıń uğlıdur Oraz,
Ol atalıq bolğan ekán.

128. Hajıkeldi uğlı Sultan,
Andın Aydos, Maybas tuwğan,
Aydos yurtqa ağa bolğan,
Kishi asıb dar qurğan ekán.

129. Aydos biy yurtnıń ordası,
Ekki uğlı Irza, Tóresi,

Ernazar biy nemeresi,
Ol qushbegi bolǵan ekán.

130. Máuj urǵan dáryadák tashtı,
Qılıchman qanlar sachdı,
Úch aǵachı qurub kishi asdı,
Xan sifátdá bolǵan ekán.

131. Írzanıń uǵlı Iskender,
Altun qazıq tilla qámár,
Iskender uǵlı Qálender,
Bul hám bolus bolǵan ekán.

132. Tolıbaydan Xudayberdi,
Xudayberdi etim qaldı,
Bir zayıfdan úch uǵlı boldı,
Hasan yaxshı bolǵan ekán.

133. Xojay, Qádirqulı, Juman,
Qarasıyraǵu Qalqaman,
Qalqaman bilán Múlkaman,
Ol Xojayınıń zúryadı ekán.

134. Bul sózde yoqdur shúbhá shek,
Hásenniń uǵlı Folatbek,
Folatbek uǵlıdur Tubek,
Uǵlı tórtew bolǵan ekán.

135. Ayımnan Berdibek, Xojay,
Esenbek bilán Mırzatay,
Andın sońǵısı Aytımbay,
Uǵlı Ótegen bolǵan ekán.

136. Bayımnan Súyin, Seńgirbay,
Gúlim, Erkinbay, Jarqınbay,
Juman, Shońqara, Ateqey,
Juman biydán tuwǵan ekán.

137. Áwwel babası Juman biy,
Shońqara uǵlı Aymırza biy,
Mahmud atalıq Tóre biy,
Eli yurtdan ozǵan ekán.

138. Bır zayıfdıń Dańqı boldı,
Andın Qısaǵaǵu tuǵdı,
Qazaqbay, Bekfolat erdi,
Sonı Basbay bolǵan ekán.

139. Mámbetqulnıń ush uǵlı bar,
Manaq, Bólák biri Qoshqar,
Oljaǵıs qalmaq zayıfı bar,
Qalmaq shundın tuwǵan ekán.

140. Aǵádil uǵlı Yaxshıbay,
Xudaybergen Qarádilbay,
Qarádil uǵlı Durıs, Tolıbay,
Baylan batır bolǵan ekán.

141. Baylannıń uǵlı Jolumbay,
Anıń inisi Meńlibay,
Esán, Túwelbek, Folatday,
Qaysı batır bolǵan ekán.

142. Meńlibaydan Berdiáliy bar,
Berdiáliyniń besh uǵlı bar,

Xojamjar bilán Keliyar,
Túyebay batır bolǵan ekán.

143. Birisi Esánáliy bay,
Ǵayıb batır bilán Jańay,
Súyiri batır, Qarabas, Nurtay,
Qarlıbay biy bolǵan ekán.

144. Qáradil uǵlı Durıs, Tolıbay,
Xojaq, Hafız, Jarmámbet bay,
Baymırad biy yáne Boranbay,
Bayjan, Jámet bolǵan ekán.

145. Quleke suwfı, Qoshum, Qulbay,
Bárcheni yaratdı xuday,
Kelmámbetniń uǵlı Matay,
Ermámbet biy bolǵan ekán.

146. Kelmuhammed, Matay desám,
Yurtdan ozǵan bári chechen,
Aqlıq, shawlıǵı qazı-iyshan,
Ihtisabın qılǵan ekán.

147. Qoyanbaydan Jıl, Jármámbet,
Xayır qılsań qılma minnet,
Yáne berisi Irısmámbet,
Ol pahlawan biy bolǵan ekán.

148. Jılhafız uǵlı Bazar biy,
Xudayberdi, Qurbanbek biy,
Qurbanbek uǵlı Quwanısh biy,
Qalmámbet biy bolǵan ekán.

149. Tursun tuwar qızıl ayaq,
Úki tenták Qoshqar sayaq,
Úkisi bir yaman sayaq,
Jaman Qońırat bolǵan ekán.

150. Bayádildán Besim boldı,
Besimbiyden bes ul boldı,
Eki uǵlı hasıl boldı,
Ol Biyká, Bekfolat ekán.

151. Qızıl shadır, yashıl shadır,
Aldıńızda dushman yatır,
Biykádán tuǵdı úch batır,
Jaw kórinse alǵan ekán.

152. Xojanazar, Súyinduk, Tolas,
Eránlárdin bolǵan náfás,
Biri-birinán kem emás,
Góruǵlıday bolǵan ekán.

153. Xojanazar uǵlı Sheralı,
Andın máhrám Esánkeldi,
Mámbet biy uǵlı Elgeldi,
Sońı Abdulla bolǵan ekán.

154. Bekfolatnıń ekki uǵlı bar,
Jorıq jortub qıldı safar,
Biri Túrkmán, biri Buqar,
Ol Áwez biy bolǵan ekán.

155. Sharayna al, bek sawıt kiy,
Súyindúk uǵlı Erkin biy,

Sádirbek yuzbashı Sáksanbay,
Súyindúknin zúryadı ekán.

156. Batır bolsań bol Aqtawday,
Quljuman qazı Hajıbay,
Quwanısh batır, Tağay, Toğay,
Ol Tolasınıń zúryadı ekán.

157. Bayádildán Achamaylı,
Haydar uğlı Qoshtamğalı.
Xandákli bilán qoldağlı,
Enchisin bir alğan ekán.

158. Bir sóz bar qılalı izhár,
Haydarınıń ekkı uğlı bar,
Malğa salğan tamğası bar,
Tamğası qos bolğan ekán.

159. Edil malğa tamğa saldı,
Tamğasını sanğa basdı,
Qos tamğa Achamay basdı.
Achamaylı tuwğan ekán.

160. Janádil hám tamğa salğan,
Tamğasını qolğa salğan,
Shırjegán bilán Qarınjuwğan,
Qoldağlınıń tuwğanı ekán.

161. Xan háziretdin juwab alıb,
Úrge yolğa qala salıb,
Úch ruwğa padshah bolıb,
Kóńildágin qılğan ekán.

162. Qalasın muqım shayladı,
Dushmannıń yolın bayladı,
Adam qosub qos aydadı,
Biyler óğüz bolğan ekán.

163. Bay bolsań bol Ğaniybayday,
Dosan batır, Dosqulday,
Ismayıl bilán Toğanayday,
Quntay baba bolğan ekán.

164. Jangeldi babań Jawlatbay,
Anıń uğlı Haydar, Nurtay,
Kim boldı Arzı atalıqday,
Ráhátullah bolğan ekán.

165. Berdaq suwfı deyár atın,
Qoldağlı der asıl zatın,
Haydar, Áliybekniń züryadın,
Aytıb tamam qılğan ekán.

166. Algur shuńqarnıń pánjesi,
Arın mırzadur genjesi,
Otuz uğulnıń ózgási,
Arıncha bolmağan ekán.

167. Yoqdur sózumnıń xatası,
Xan Jánibek qaynatası,
Xannıń qızı baxshiydási,
Xan küyáwi bolğan ekán.

168. Xannıń qızıdur anası,
Arın mırzadur atası,
Tórebek mırzadur balası,
Bul hám tóre bolğan ekán.

169. Anıń uǵlı Úmmi, Sultan,
Úmmi uǵlı Saǵır, Sársan,
Qırq chihiltendin dua alǵan,
Pirden náfes bolǵan ekán.

170. Shul waqıt xanı Elbarısxan,
Chıńǵıs fwladı sáhardan,
Húkimi yúrub besh qaladan,
Xiywaǵa xań bolǵan ekán.

171. Elbarısxan súrdi padshahlıq.
Padshahlıqnı berdi xalıq,
Wázir Aǵádil atalıq,
Xanǵa wázir bolǵan ekán.

172. Sársánnán Ádiyne tuwǵan,
Ádiynedin atalıq bolǵan,
Ádiynedin Ese inaq bolǵan,
Xiywaǵa inaq bolǵan ekán.

173. Qızıl bash Nádirshah keldi,
Shah kelib Xiywanı aldı,
Úch yúz altmısh kishi óldi,
Ala shehiyd bolǵan ekán.

174. Ǵayıb Xiywaǵa xan boldı,
Qorazbek sultan boldı,
Aqıbeti wáyran boldı,
Mádemi inaq bolǵan ekán.

175. Mádemi uǵlı Áwez inaq,
Xuda berdi hám dáwlet baxt,
Eltúzer xan, Qutlumurad inaq,
Áwez inaqdın tuwǵan ekán.

176. Andın soń Muhammedrahim xan,
Titirashib kurdi kúrjistan,
Yeti ıqlım sahıbqıran,
Tamam yurtnı alǵan ekan.

177. Wáliydur Allahqul xanı,
Berdi xuda dúw jahanı,
Ádelatlı qutbı zamanı,
Yurtı abad bolǵan ekan.

178. Naǵaday biy mindi tulfar,
Saldı tuyǵın, lashın, shuńqar,
Shuńqar túlátken tuǵur bar,
Tuǵur kimde qalǵan ekan.

179. Tákábbirlik táwazını,
Haq kechúrsún yazuqını,
Ol tuǵurnıń qazıqını,
Burunjdın saflaǵan ekan.

180. Táriyfini desám bashdın,
Armansız at bilán qushdın,
Nuqıra altın, kúmishdin,
Tuǵurnı qaflaǵan ekan.

181. Padshahlıq ullı dástgahdın,
Kórdúm qaǵazda nusxadın,
Shabbaz wáliydin bashqadın,
Nátiyje tabmaǵan ekan.

182. Allah yadın aytmaǵuncha,
Aqsham túnáb yatmaǵuncha,
Wáliy aldın tutmaǵuncha,
Jawǵa hám chafmaǵan ekan.

**183.** Haq bizni yaratdı insan,
Múshkilimni áylá asan,
Naǵadaymıń ulı Dosan,
Dosan batır bolǵan ekán.

**184.** Mánzil uzaq yúk aǵırdı,
Ájel adamǵa uǵırdı,
Altun qaflaǵan tuǵurdı,
Dosan batır alǵan ekán.

**185.** Ol tuǵur Dosanda qaldı,
Dosan malǵa tamǵa saldı,
Mal bólúshúb enchi aldı,
Tuǵur tamǵa salǵan ekán.

**186.** Zibanı haqlıq qılıchı,
Hayrı ihsan aqıl ishi,
Xosh málaqat sózlámishi,
Dosan batır bolǵan ekán.

**187.** Babasıdur biy Naǵaday,
Dosan batır, batır Estay,
Orazay, Mamır biy, Chalısbay,
Altı ata bolǵan ekán.

**188.** Dáwletliden dáwlet ketdi,
Biydáwletke náwbet yetdi,
Bir on yeti batır ótdi,
Ol Dosannıń zúryadı ekán.

**189.** Tasaddıqdur bashı, malı,
Himmát bergán házreti Áliy,
Shaytanǵa meńzer xiywalı,
Aldab chaqırıb alǵan ekán.

190. Qızıl shadır, yashıl shadır,
Bárcheni yaratdı qádir,
Bul aytgan on yeti batır,
Xiywalıdan ólgán ekán.

191. Ol on yeti batır óldi,
Aq úygá qara baylandı,
Matam tutub aza qıldı,
Hám aytıb yıǵlaǵan ekán.

192. Yúzin yırtıb yara saldı,
On yeti úygá qara saldı,
Shundın qara moyun boldı,
Sebebi shul bolǵan ekán.

193. Márd yaxshı, námárt yúzidin,
Márd uǵul turar izidin,
Jasıbay biynin qızıdan,
Ol úch batır tuwǵan ekán.

194. Padshah mingen altun taxtı,
Ol úch batır hám qalfaqdı,
Dayısı uchun Rustem inaqlı,
Qarqıratıb chalǵan ekán.

195. Malı-dúnya siymu-zárniń,
Bolmas bahası gáwhárniń,
Qanını on yeti erniń,
Haqıyqatdan alǵan ekán.

196. Múytán, qońırat, xıtay, qıbchak,
Keneges, mańgıt, aqpıchaq,
Bári altı ruw qaralfaq,
Úrgenjni jaylaǵan ekán.

197. Az emásdur, qaralfaq kób,
Jer mayı deb, chob fulı deb,
Qaralfaqnı Xiywalı jeb,
Muqum biyzar qılǵan ekán.

198. Atı bolub qalfaq kenásti,
Munda oltúrmak ábesti,
Qaralfaq búldide kóchdi,
Yolǵa ráwan bolǵan ekán.

199. Bárche qaralfaq uch mıń úy,
Balǵalıdın Annaqul biy,
Yurtnıń yaxshısı Edil biy,
Kób násiyhát qılǵan ekán.

200. Qaralfaqnıń bári ketti,
Aradan neche kún ótdi,
Yańa dáryasına yetdi,
Harıb-charchab barǵan ekán.

201. Násiyhátimni tutuńlar,
Sózúmni qabul etińlár,
Dáryanı ótúb yatıńlar,
Dárya qala bolǵan ekán.

202. On tórt ruw suw ótmádi,
Násiyhatını tutmadı,
Sózini qabul etmádi,
Bergi yaqda bolǵan ekán.

203. Kechúb qachdıń kúni-túni,
Edil biyniń bar ma mini,
Tańla jawnıń ketár kúni,
Hesabım shul bolǵan ekán.

204. Qońırat bolǵan ótúb yatdı,
On tórt ruw ótmáy yatdı,
Tań da atdı, jaw da yetdi,
Mıń balanı alǵan ekán.

205. Qıbchaq, xıtay eki ruw,
Keneges, mańgıt tórt ruw.
Menmensigen on tórt ruw,
Yıǵlay-yıǵlay qalǵan ekán.

206. Ekki biydán keńes alıb,
Mal balasın berikká salıb,
Jayılǵan atlı Qońırat bolub,
Qaytıb suwnı ótkán ekán.

207. Qońırat suwnı qaytıb ótúb,
Jawmut bilán urush etib,
Sárdarını tirláy tutub,
Xojanazar batır alǵan ekán.

208. Mıń bala jawmutda qaldı,
Sárdarı qalfaqda boldı,
Sárdarı bilán alıs qıldı,
Mıń balanı alǵan ekán.

209. Xiywalı menán qas bolub,
Xojanazar batır bas bolub,
Artıq, İrıs yoldash bolub,
Qurt oyını salǵan ekán.

210. Bir xudanıń háhláwinde,
Jawmut kelib talawında,
Úch batırnıń jılawında,
Xızır Ilyas bolǵan ekán.

**211.** Qızıl shadır, yashıl shadır,
Orusda bar gúbernatır,
Aydos menán Rustem batır,
Yıǵında aytushǵan ekán.

**212.** Rústem aytıbdı: qońıratsań,
Kób qaralfaqǵa sınatsań,
Háwfáki qorqaq qurı atsań,
Qońırat ne adam bolǵan ekán.

**213.** Aydos aytıbdı: qońıratman,
Almas gáwhárnıen folatman,
Shını Qońırat hasıl zatman,
Mańǵıt tájik tuwǵan ekán.

**214.** Xızmet etdim xanǵa, inaqǵa,
Aǵa boldum qaralfaqǵa,
Bir siltegen chıǵanaqǵa,
Mıń balańdı alǵan ekán.

.............................................
.............................................
.............................................
.............................................

**215.** Aydos baba shını erdi,
Alǵan ótkán ishlárdi,
Burunǵı ótkán ishlárdi,
Sońǵılarǵa qalǵan ekán.

**216.** Aydosbiyniń sózi ótúb,
Namusı kelip ar etib,

Ekki burnıdan qan ketib,
Esi awıb yıqılǵan ekán.

217. Yawmut oynadı utuldı,
Sárdarı tiriley tutıldı,
Qaralfaq jawdan qutuldı,
Yolǵa ráwan bolǵan ekán.

218. Qaralfaq Úrgenjdin qachdı,
Buxar tárefine ashdı,
Barıb Elibaydan túshti,
Birneche kún bolǵan ekán.

219. Qaralfaq kechúb búlúndi,
Búlingáni sıǵır yılıdı,
Yurt shul yerde úch bólúndi,
Úch tárefká ketkán ekán.

220. Keneges, Mańǵıt Qoruǵ jufar,
Sháhrisábiz, xıtay, qıbchaq bar,
Jıydáli Baysında qońırat bar,
Birneche yıl bolǵan ekán.

221. Qaralfaq bir sonday insan,
Hár nechúk diyni musılman,
Ata yurtıdur Túrkstan,
Túrkstanǵa barmaǵan ekán.

222. Neche kánt Túrkstan ájeb jay,
On tórt ruw ach, qońırat bay,
Chımıldıq uǵurlabdur xıtay,
Firdin qarǵısh alǵan ekán.

223. ............................................
............................................
Tutub aldı ańlıb jatıb,
Baylab kishán salǵan ekán.

224. Tutub alıb kishán saldı,
Uǵurlıq sońı dua boldı,
Duanıń sońında jaw boldı,
Atushub-chapıshǵan ekán.

225. Uǵurlab maldı ala saldı,
Janasǵanǵa jala saldı,
Dawlashǵanǵa bála saldı,
Shúytib kóchbáy qalǵan ekán.

226. Túrkstandın Qońırat kóchdi,
Surxanǵa kelib túshdi,
Malı bashı onnan da ósti,
Muqum abad bolǵan ekán.

227. Uzaq túshti aramız deb,
Achlıqdan yoq charamız deb,
Biz hám kóshub baramız deb,
Kelib xabar salǵan ekán.

228. Kelgánlárin urar boldı,
Yolún tosub turar boldı,
Kóchsá yolda qırar boldı,
Qońırat wáde qılǵan ekán.

229. Túrkstannıń yolı alıs,
On tórt ruw etdi namıs,

Ugurlab kómúb kómúr qamıs,
Yalgan dawa salgan ekán.

230. Ata-babamız Jayılgan,
Jellege qulun baylagan,
Qazaq jaw bolub qoymagan,
Belli nıshan qılgan ekán.

231. On tórt ruw ar-namısın,
Kórdiń ishiniń chalısın,
Kórsátib kómúr qamısın,
Qońıratnı aldagan ekán.

232. On tórt ruw kóchúb búldi,
Kimi yolda achdan óldi,
Surxanga bular hám keldi,
Qońıratga tafıshgan ekán.

233. Kelib Qońıratga tapıshdı,
Bále-qadaday yapıshdı,
Yáne jaw bolub chafıshdı,
Agzı ala bolgan ekán.

234. Qazaqnıń yılqısın aldı,
Anıń sońı bále boldı,
Qazaq kób yurt, zorlıq qıldı,
Qaralfaq qozgalgan ekán.

235. Chólga shıdab qazaq turdı,
Áwwel kóchkán Jawıngurdı,
Jawıngurdı xuday urdı,
Úch yıl burun bolgan ekán.

236. Surxannan kóchúb búldi,
Kóchúb búlib oyǵa keldi,
Jáyhun dáryadan yaf aldı,
Dihqanchılıq qılǵan ekán.

237. Úch yıldın soń chúllúk kóchdi,
Xuda berdi ana dásti,
Aman-esán kelib túshdi,
Jawıńǵurǵa qoshılǵan ekán.

238. Qaramoyun, múytán, qoldaǵlı,
Ashamaylı, xiyat, balǵalı,
Xandákli bilán qostamǵalı,
Chúllúk tamǵa salǵan ekán.

239. Feili yaman jawıńǵurdı,
Shumluq etib ketin burdı,
Chúllúk anı basıb urdı,
Axırzaman salǵan ekán.

240. Jawıńǵur ketdi mundın kóchúb,
Kese etákde boldı nesib,
Maldın qulaq, quyrıq kesib,
Jaw tamǵasın salǵan ekán,
Shundın jawıńǵur bolǵan ekán.

241. On tórt rúw kóchbey qalıb,
Yańa dáryaǵa qala salıb,
Qoshnazar bilán Nurtay bolub,
Qazaq menán chabısǵan ekán.

242. Qazaq etdi ar-namustı,
Atı alash bolub tabıstı,
Qoshnazar qaytbay chabıstı,
Qazaqdın qırılǵan ekán.

243. At quyrıǵın úchdán órúb,
Qorıqǵan ekán jawdı kórúb,
Qoshnazardı jawǵa berib,
Nurtay úyge kelgán ekán.

244. Qoshnazarnı tashlab ketib,
Qashǵanlıǵına ar etib,
Úyinde bir háfte yatıb,
Nurtay batır ólgen ekán.

245. Bárcheni yaratdı xuday,
Neche yıl kechdi, neche ay,
Oymawıt bilán Orunbay,
Nurtaydan soń bolǵan ekán.

246. Qazaqda toy baydaq, baydaq,
Atan túye múnúb jaydaq,
Sherúwchide Tóbát, Taylaq,
Xıtayǵa aǵa bolǵan ekán.

247. Batırda bardur altun taxt,
Xuda berdi hám dáwlet, baxt,
Aydos biy, Qutlımurat inaq,
Yıǵın tartıb kelgán ekán.

248. Her kimgá bir boldı násib,
Xiywalınıń kóńli ósúb,
Atısıb chabısbay ellásib,
On tórt ruwnı alǵan ekán.

249. Yad etib qádir allahnı,
Naq saldı salıq tillanı,
Sıyǵa berib qız fillanı,
Aydos baba alǵan ekán.

250. Aydos biy sıyǵa qız alıb,
Qız alıb kóńli xosh bolub,
Ol qızǵa ólań toy qılıb,
Ólanin aytdurǵan ekán.

251. Yúrdi Aydosnıń húkimi,
Qız-kelinlárniń sálemi,
Shundaǵı aytǵan ólańi,
Naqıl bolub qalǵan ekán.

252. Elim kóchdi Sháhrisábizgá,
Dárya quyar kók teńizgá,
Qachar telib qarrı óǵúzgá,
Qońırat zorlıq qılǵan ekán.

253. Dushmannıń dawın óchúrúb,
Dostnıń gúnasın kechúrúb,
On tórt ruwnı kochúrúb,
Babań aydab kelgán ekán.

254. Qaramoyun Jasıbayǵa,
Andın sońra Mánibayǵa,
Jasıbaydan Amanbayǵa,
On eki ata bolǵan eken.

255. Nechegá dúnya mal berdi,
Nechegá ilim hal berdi,
Mana tákállúm til berdi,
Xuda kásib qılǵan ekán.

256. Oshbu tilniń bar igási,
Kóńlúmde jaydur shejáresi,
Bárcheniń ata-babası,
Shundın malum bolgan ekán.

257. Kitab kórdúm Musannıfdın,
Sóz eshtidim Andalibdin,
Menin sózúm bir hárifdin,
Bári tamam bolǵan ekán.

258. Rásúwlǵa úmmát haqǵa ǵulam,
Qúdirát ishini ne bilám,
Baǵda sayraǵan búlbilám,
Waqtım xazan bolǵan ekán.

259. Yetmish-sáksen yashda ózúm,
Bir kózúm bar, yoq bir kózúm,
Waqtım etdi, yoqdur házim,
Gúl yafraǵı solǵan ekán.

260. Ne yaxshı, yamannı kórdúm,
Yeti-segiz xannı kórdúm,
Úch dáwir zamannı kórdúm,
Zaman cheb aylanǵan ekán.

261. Alım sózi sheriyátdur,
Duw jahanda sharafatdur,
Qarrı sózi wásiyatdur,
Bilmáǵánler nadan ekán.

262. Yashı yetken qarrılarnıń,
Biymar yatǵan hástalárniń,
Duası maqbul olarnıń,
Adam ǵafıl bolǵan ekán.

263. Malı-dúnya ziynet erdi,
Aduwdin deb xabar berdi,
Qarun dunyada ne kórdi,
Dunya sońı yalǵan ekán.

264. Biyǵayrat, biyaqıl boldum,
Ilimi yoq, namaqul boldum,
Haq ámiridin ǵafıl boldum,
Ómirim biykar ótken ekán.

265. Xuda berdi bu zabannı,
Ne ráhmanı, ne shaytanı,
Bilmásmen suwdi ziyanı,
Halım múshkúl bolǵan ekán.

266. Yetmish-seksán yashǵa keldim.
Xazan urǵan gúldák soldım,
Tewbákári suwfı boldım,
Waqtım yaqın kelgen ekán.

267. Shiyrinziban núktádanlar,
Qulaq tutuń musılmanlar,
Meni ayıb etmáńiz janlar,
Násiybem shul bolǵan ekán.

268. Wújuwdimdin dárya tashtı,
Dárbend yıqıldı yol achtı,
Xuda taqdiyr etkán ishti,
Tábdil etmák yalǵan ekán.

269. Bu sóz ilahiydin keldi,
Kelib kónlúmá jay boldı,
Ichim, tashım bári toldı,
Andın soń aytılǵan ekán.

270. Berdimurad haqnıń qulı,
Sáhrada óskán búlbúli,
Bul shejeráni yılqı yılı,
Xalıqqa máshhúwr qılǵan ekán.

## AXMAQ PATSHA

Ótken kúnlerge qarasam,
Bilgenlerden hám sorasam,
Aytqan sózlerin tıńlasam,
Kóp álamat bolǵan eken.

Birewler jılap udayı,
Qırın qaraǵan qudayı,
Túsip ıǵbal abırayı,
Íshi dártke tolǵan eken.

Shaǵına jetpey shalıǵıp,
Shıbın janın otqa jaǵıp,
Kózinen qanlı jas aǵıp,
Ómiri zaya ótken eken.

Dushpanına sırın aytpay,
Kelgen jerde sózden qaytpay,
Dostı kúldirip muńaytpay,
Ne bir mártler ótken eken.

Qarıwlanıp kúshin jıynap,
Arı ushın janın qıynap,
Xalqınıń kóz jasın tıyıp,
Ne hasıllar ótken eken.

Alınbay adam esapqa,
Shıday almay bul azapqa,
Nálet aytıp biyinsapqa,
Xalıq shuwlap posqan eken.

Ala jip salıp moynına,
Kóz jası tolıp qoynına,
Túsip sayıllıq jolına,
Asan qaygı ótken eken.

Zapıran bolıp júzleri,
Jawdırap eki kózleri,
Tınlanbay aytqan sózleri,
Jiyrensheler ótken eken.

Qaygı bolıp xannan sıyı,
Qazan kibi qaynap miyi,
Isherge tamaq, joq úyi,
Sansız xalıq posqan eken.

Teńlik tappay qorlıq penen,
Kórer kúni tarlıq penen,
Erki ketip zorlıq penen,
Kóbi aydawda júrgen eken.

Sol qorlıq azap arılmay,
Zalımnıń tańı tarılmay,
Qara bult qaqqa jarılmay,
Bul zamanga jetken eken.

* * *

Áwelha bolıp atadan,
Tuwdım mehriban anadan,

Shıqtım iláhiy xanadan,
Bul faniyge boldım qonaq.

Shıqtım kóz ashıp dúnyaǵa,
Kóz salıp qıyır-qıyaǵa,
Ketken eńbekler zayaǵa,
Kórdim onı bastan-aq.

Bir ǵarrı aytsa áńgime,
Ol sóz paydalı dep kimge,
Zeyin menen tıńlap hám de,
Násiyhatqa qoydım qulaq.

Kóp kórdi kózim tarlıqtı,
Arqalanǵan ash xalıqtı,
Sóyledim hár waq anıqtı,
Etkenim joq jalaq-julaq.

Dostı muńaytqım kelmedi,
Biraq dushpan jol bermedi,
Ósseм, qılıshın sermedi,
Artımda qoymasqa tuyaq.

Qılısh kesip putaǵımdı,
Órbitpedi urpaǵımdı,
Sorlıq etti torpaǵımdı,
Shól shıqqan boldım qıyaq.

Kózimnen aǵıp qanlı jas,
Ǵamnan arılmay jumır bas,
Gúl hám sheńgelim aralas,
Qıya shólge boldım qonaq.

Kórdim kóz benen neshsheni,
Kóp táájub ándiysheni,
Boldım bir eldiń shesheni,
Bul basımda bolmadı baq.

Mende boldı eń júyrik til,
Ashılmadı baǵımda gúl,
Biywaq sayrap boldım búlbúl,
Bostanım bolmadı biraq.

Júrgenimde bunday bolıp,
Kóp aralas eldi sholıp,
Ketti ishime dárt tolıp,
Túsip basqa awır salmaq.

Qarasam, jasım jetipti,
Tis túsip, isim pitipti,
Jigitlik bastan ótipti,
Gewgim tartıp oyaq-buyaq.

* * *

Qolıma duwtar alǵanda,
Aqdárya betke barǵanda,
Bir qıssanı oqıǵanda,
Kóp yad etip, júrdim oylap.

Kóp jıllar oylap júrgen soń,
Jaqsı-jamanın bilgen soń,
Jasım ellige kelgen soń,
Kewil berdim, oǵan shınlap.

Jazdım bir jıl — on eki ay,
Qapalı kewlim xosh bolmay,
Óz gápime kewlim tolmay,
Qálem atın quwdım qıstap.

Qádirimdi xalıq biler,
Xalıq bilmese balıq biler,
Ólmegen sózimdi kórer,
Hám qádirler qolına uslap.

Altın hárbir aytqan sózim,
Sózim emes, oldur — ózim,
Jumılgansha eki kózim,
Hár waqıtta turar jaynap.

Qáte bolsa sókpeń, doslar,
Qádirdan qurbı-qurdaslar,
Berdimurat sózin baslar,
Mánisin kóriń ańlap:

1

Iye bolıp altın taxtqa,
Záhárin jayıp sonsha xalıqqa,
Salıp kóplerdi qullıqqa,
Ne patshalar ótken eken.

Qálewinshe súrip dáwran,
Gáziynesi bolıp álwan,
Atağı asqan ğarrı xan,
Kóp jıllar soragan eken.

Kúnlerden kúnler ótkende,
Jıl ótip, aylar jetkende,
Jası seksenge kelgende,
Patsha awırıp ólgen eken.

Ǵarrı xan dúnyadan ótti,
Tajı-taxtın taslap ketti,
Ulına patshalıq jetti,
Ulı taxtqa mingen eken.

Mindi bala altın taxtqa.
Kóp quwandı kelgen baqqa,
Aybaltanı uslap shaqqa,
Ata jolın quwǵan eken.

Keldi sonda on segizge,
Tústi zulımlıq minezge,
Barmaq penen túrtip kózge,
Kútá zalım bolǵan eken.

Qahárlenip belin buwdı,
Tındırdı hám aqqan suwdı,
Atasınıń jolın quwdı,
Onnan da ótkergen eken.

Boldı qasında aqılgóy,
Tilegi onıń — adam ólgey,
Arzı aytqanlar kóp kelgey,
Dep tilek tilegen eken.

Oqıdı patsha jasınan,
Ketpey mollası qasınan,
Taymadı dáwlet basınan,
Talabı órlegen eken.

Qansız sup-sur boldı júzi,
Záhár boldı aytqan sózi,
Dáwletke toymadı kózi,
Kútá górqaw bolǵan eken.

Keldi sonda on toǵızǵa,
Zeyni ketti sulıw qızǵa,
Ayttı bul oyın birazǵa,
Ashıqlıqqa túsken eken.

Barlıq xalqını jıydırıp,
Húkimin jónsiz sıydırıp,
Sırtınan neke qıydırıp,
Qırq sulıwdı alǵan eken.

Nápsi ne aytsa, qashpadı,
Elden qız jıya basladı,
Barınsha kewil xoshladı,
Arıwlardı qushqan eken.

Jas edi barlıq alǵanı,
Sırtınan neke qıyǵanı,
Jıladı zorlıq qılǵanı,
Kóbi azapta ólgen eken.

Toymadı xalıqtıń sulıwına,
Keyninde at qalıwına,
Ústi-ústine alıwına,
Patsha talap etken eken.

«Sulıw bolsa jurttan asqan,
Ráwishli, shuǵla shashqan,
Eglenbesten barın uslań!»
Dep ol hámir etken eken.

«Sulıw jolına dúnya mal,
Aytqan sózime qulaq sal,
Bermese, zorlap tartıp al, –
Patsha ámiri!» – degen eken.

Jasawıllar bunı tıńlap,
Sóz júyesin bilip-ańlap,
Alamız dep qızdı tańlap,
El aralap shıqqan eken.

Patsha qaldı maqul kórip,
Aq otawdıń artın túrip,
Qırq qız benen dáwran súrip,
Retme-ret qushqan eken.

2

Qosın tigip Quwlıkólge,
Qosıla almay qalıń elge,
Shıjım talın buwıp belge,
Bir balıqshı júrgen eken.

Jaman qosı bolıp pana,
Ushırasıp bunday halǵa,
Minip alıp jeken salǵa,
Kólge awın salǵan eken.

Suwı tasıp, bolsa oyın,
Aq balıqtıń kórip toyın,
Onlap, júzlep buǵa moyın,
Ol awınan alǵan eken.

Qara qasları qıyılǵan,
Sulıwlıq dańqı jayılǵan,
Awzı oymaqtay oyılǵan,
Jalǵız qızı bolǵan eken.

Reń bergen qoymay mindi,
Shaǵılıstırǵan ay hám kúndi,
Jarıq qılǵan qara túndi,
Misli gáwhar bolǵan eken.

Shashı qara, jupqa dodaq,
Beli bir qısım, aq-tamaq,
Uzın boylı hám keń qushaq,
Peri kibi bolǵan eken.

Kelbetlenip kelgen boyı,
Artıq hám de aqıl-oyı,
Bolmay lekin ıǵbal toyı,
Ómiri zaya bolǵan eken.

Atasına kómek bolıp,
Kúni menen kóldi sholıp,
Boyǵa jetpey gúldey solıp,
Kóp azaplar kórgen eken.

Bir keshe oynap-kúle almay,
Jaynatıp kiyim kiye almay,
Teń qurdas penen júre almay,
Elden erek ósken eken.

Dárttiń ústine dárt boldı,
Qapladı qayǵı kewildi,
On jasında sheshesi óldi,
Gúlim jetim qalǵan eken.

Jetim qaldı anasınan,
Ayrıldı ol panasınan,
Kózi arılmay jasman,
Qayǵı menen júrgen eken.

Joldas qılıp qayǵı-dártti,
Jılap-sıqlap kúni ótti,
Tolıstı, Gúlim erjetti,
Atası qartayǵan eken.

Kewilde qayǵı-ármanı,
Bolmay basında dáwranı,
Ketip dizden hal-dármanı,
Atası qartayǵan eken.

Atasınıń qalıp kózi,
Zapırandek solıp júzi,
Bir atawda jalǵız ózi,
Ǵarrı atasın baqqan eken.

Qızımnıń baxtı ashılǵay,
Ústine dúrler shashılǵay,
Óz súygenine qosılǵay,
Dep ǵarrı tilegen eken.

Qızı kirletpey kiyimin,
Sorap kúnde bilmegenin,
Úyretip ol hám bilgenin,
Shúńkildesip júrgen eken.

Qızı salıp aw-duzaǵın,
Aldı kóldiń aq shabaǵın,
Hám ash qılmadı tamaǵın,
Ata ırazı bolǵan eken.

Tıyıp ǵarrı kózdiń jasın,
Sájdesine qoyıp basın,
Berip qızǵa pátiyasın,
Haqqa duwa qılǵan eken.

Qız atasın qádirledi,
Soqırlıǵın bildirmedi,
Kese shópke ildirmedi,
Pákizelep kútken eken.

Qız toqıp jeken shıptanı,
Dúzedi qamıs shatpanı,
Tasladı góne látteni,
Óz isine puqta eken.

Mákanlap kóldiń jaǵasın,
Qıspalap qamıs shatpasın,
Toqıǵan shiyin, shıptasın,
Ol qosına tutqan eken.

Shılımtal esip ákesi,
Usı bolıp eter isi,
Qosıp kúshlerin ekisi,
Kóp shıpta toqıǵan eken.

Solayınsha ol kúnletti,
Atasın tárbiyat etti,
Tal shıbıqtay boyǵa jetti,
Aqılı ziyrek bolǵan eken.

Qol-ayaq jipsiz matawda,
Shúkir etip deni sawda,
Altı jıl usı atawda,
Qız hám ata turǵan eken.

Qas qarayıp, kún batqanda,
Japalaq qanat qaqqanda,
Quslar uyqıǵa jatqanda,
Shahdan adam kelgen eken.

Xannan kelgen jasawıllar,
Elden saylap qız alǵanlar,
Ázzige zorlıq qılǵanlar,
Bul atawǵa kelgen eken.

* * *

Haqtan bir tilep tilegin,
Kóterip qarap iyegin,
Dastıq qılıp aq bilegin,
Qız qosında jatqan eken.

Búlk-búlk etip aq tamaǵı,
Kelbetlenip keń qushaǵı,
Batıp tulımda monshaǵı,
Bir qırınlap jatqan eken.

Ózinen basqa úyinde,
Eki ayaǵı górinde,
Ákesi bayǵus tórinde,
Uyqılamastan jatqan eken.

Qamıs qosınıń ishinde,
Uyqıda jatqanda túnde,
Jaman tús kórip túsinde,
Qız kútá hawlıqqan eken.

Oratılıp moynına,
Qısım etip jas janına,
Bir qara jılan qoynına,
Shubatılıp kirgen eken.

Ketpestey etip esinen,
Qanın qashırıp túsinen,
Shaqtı sur jılan tósinen,
Qız shorshıp oyanǵan eken...

Bildi atası bul isti,
«Qızım, oyıńa ne tústi,
Kórdiń be jaman ábesti,
Nege turdıń?», — degen eken.

«Kózim joq, men bir soqırman,
Jerdi qarmalap otırman,
Paymanam tolǵan paqırman,
Dárt bolmaǵay», — degen eken.

Qapa qılmay qız atasın,
Qushaqladı súyep basın,
Súrtti tógilgen kóz jasın,
«Muńaymaǵıl», — degen eken.

«Ózińnen ólmesem burın,
Bul isim ketpese qırın,
Jan ata, tabarman jónin,
Qapalanba» — degen eken.

«Kóter, atajan, basıńdı,
Aǵızba kózden jasıńdı,
Ólgende kórgen qızıńdı,
Qapa etpe», — degen eken.

Sol máhálde ayday arıw,
Denesine jıyıp qarıw,
«Bul jerlerge dushpan darıw,
Qıyın bolar», — degen eken.

Qız atasın jubattı da,
Jatqızdı jaylap jayına,
Kelip ózi de ornına,
Dastıqqa bas qoyǵan eken.

Shaqırısqan birin-biri,
Ájeptáwir istiń túri,
Shapqan atlardıń dúbiri,
Qulaǵına kelgen eken.

Tikke turdı tóbe shashı,
Kórgen tús kelmedi qayshı,
Jayıwlı qaldı qulashı,
Dizden dimar ketken eken.

Dúrildesip ushqanday qus,
«Há qaydasań, berman awıs!»,
«Qosı mında» degen dawıs,
Jaqınlasıp kelgen eken.

Sol waqta qız betin burdı,
Bir bále boların bildi,
Esigin hám ishten ildi,
Támbini nıq basqan eken.

Ne aytsa bárin esitti,
Qoymay bekitti tesikti,
Tepti jawshılar esikti,
Buzıp kirmek bolǵan eken.

Qız dağı kúshin jıynadı,
Shıbın janını qıynadı,
Úyinde nárse qoymadı,
Bárin támbi qılğan eken.

Soqır ğarrı da búkshiyip,
Saldı qarıwını kekshiyip,
Boyın taslap, basın iyip,
Esikti uslap turğan eken.

Kóp eken kelgen zulımlar,
Ay baltasın urdı olar,
Ishte qorqıp turdı bular,
Janğa qısım qılğan eken.

Baqıradı: «Esikti ash!
Ashpasań ettik quwırmash,
Tez ólerseń jayıp qulash», –
Dep badabat urğan eken.

Jaw niyetin bildi anıq,
Shahdan kelgenine anıq,
Tağı kúshin jıynadı nıq,
Esigin beklegen eken.

Shıdam bermey sonsha kúshke,
Eńbekleri ketip eshke,
Mańlaysha quladı ishke,
Jasawıllar kirgen eken.

Birden baslap buzıq jolın,
Qaradı da ońlı-solın,

Sulıw qızdıń uslap qolın,
Baylamaqshı bolǵan eken.

Sonda qız qattı jekirdi,
Tórine qarap sekirdi,
Qolına balta kóterdi,
Qattı qáhári kelgen eken.

Qorıqtı sol waqta kelgenler,
Qostı buzıp hám kirgenler,
Kózi alarǵan menmenler,
Samsaz bolıp turǵan eken.

Dedi qız: «Qáne, aytıńız,
Bardı qanday jumısıńız?
Bolmasa, keyin qaytıńız,
Bul ne zorlıq?», — degen eken.

Sonda birewi sóyledi:
— Bizler shahdan keldik, — dedi, —
Patsha jiberdi bizlerdi,
Sizdi sorap, — degen eken.

Esittik seniń dańqıńdı,
Gúlim qız derler atıńdı,
Bilemiz haslı-zatıńdı, —
Dep marapat bergen eken.

— Gózzal ekenseń kelisken,
Kewlińdi óziń beripseń,
Xannıń túsine enipseń,
Aparamız, — degen eken.

— Sizge ashıq patshayımız,
Siz bolasız xanshayımız,
Altın saraydur jayıńız,
Shahım qushar, — degen eken.

Dedi qız sonda: — Uyatsız,
Júzleri qara iymansız,
Ata-anası qádirsiz,
Sandalamań! — degen eken.

Uyatı joq, pikiri ala,
Aytıp turǵan gápin qara,
Qalay sıylasın puqara,
Sizdeylerdi, — degen eken.

Aytıp barıń shahımızǵa,
Qulaq salsın ahımızǵa,
Endi bizdey jetim qızǵa,
Gezek jetip qaldı ma eken?

Patshamız ne bolǵan ózi,
Qatınǵa toymay ma kózi,
Jaqında alǵan qırq qızı,
Kempir bolıp qaldı ma eken?

Duway sálem deń xanıma,
Qayılmız jawshılarına,
Qoysın meni óz halıma, —
Dep qız tilek etken eken.

Jawshı qaytpadı ıraydan,
«Sen sonshama shıqtıń qaydan?
Kópdur elde sendey shaytan», —
Dep bári umtılǵan eken.

Serlep istiń piter jaǵın,
Salıp bular aybaraǵın,
Siltey almay jaw-jaraǵın,
Uslamaqshı bolǵan eken.

Qızdıń qolında baltası,
Oń jaǵında tur atası,
«Usı emes pe dep ortası?»,
Qız kerilip urǵan eken.

Balta tiygen soń basına,
Kele almay qızdıń qasına,
Hám de túsip shalqasına,
Jer qushaqlap qalǵan eken.

Sonda bir juwan qarını,
Almaq ushın ol arını,
Bir urdı soqır ǵarrını,
Qız abaysız turǵan eken.

Ǵarrı paqırda ne hal bar,
Sum ólimnen keldi xabar,
Aqıretke etip sapar,
Ǵarrı paqır ólgen eken.

Aybatlanıp sulıw sonda,
Aǵıp ketti qızıl qan da,
Ayarlıq qalmadı janda,
Beldi bekkem buwǵan eken.

Urdı kerilip birewin,
Tayaq qılıp jan tirewin,

Endigi qalǵan ekewi,
Betley almay turǵan eken.

Xan buyrıǵı biliń sonday:
Qız asaw bolsa da qanday,
Aq tánine jara salmay,
Ákeleseń, – degen eken.

Olar sonda esikti ashtı,
Qorıqqanına bári sastı,
Atlarına mine qashtı,
Ilaj tabalmaǵan eken.

Kól etip kóziniń jasın,
Joǵaltıp Gúlim panasın,
Aq juwıp marhum atasın,
Kól boyına qoyǵan eken.

3

Aradan ótti altı kún,
Qayǵılı bolıp qara tún,
Taǵı shıqtı bir sumlıq ún,
Qız qosında turǵan eken.

Ayarlıq endi ne qaldı,
Kewli taǵı dártke toldı,
Jáne bir top jállad keldi,
Patshası jibergen eken.

Keldi patshadan jálladlar,
Menmensigen ol sháddatlar,
Gúlimdi uslap aldılar,
Hám atqa óńgergen eken.

Apardı ullı sháhárine,
Kewlin toltırıp záhárine,
Qostı qızlardıń birine,
Qız qápeste turǵan eken.

Óne boyı qanǵa batqan,
Saw basın sawdaǵa shatqan,
Erksiz matawda jatqan,
Ol da ózindey bir qız eken.

Qız benen tanıstı Gúlim,
Sınıq ǵoy seniń de túriń,
Yaki qurdas, yaki sińlim,
«Gúnayıń ne?» degen eken.

— Apajan, sorama onı,
Ashılmas ıǵbalım sorı,
Zalım xannıń qızıp jonı,
Elden tańlap sulıw jıydı.

Qoyday shuwlattı xalıqtı,
Hám de kórsetpey jarıqtı,
Túsirdi basqa tarlıqtı,
Birazdıń jelkesin qıydı.

Men bir ǵádanıń qızı edim,
Ata-anamnıń juldızı edim,
Shah aldırdı, bunda keldim,
Iyt kórmesin kórgenimdi.

«Shahımızdıń kewli qáste,
Tán baǵısh et — dedi keshte»...

Jasım, apajan, on úshke,
Bıyıl ǵana jetken edi.

Arzımdı ayttım usılay dep,
«Atajan» dep jalındım kóp,
Qollı bolǵan qızın izlep,
Ata-anam kelgen edi.

Dushpanlarımdı kúldirdi,
Zulımlıǵın ol bildirdi,
Ata-anamdı óltirdi,
Sarayına kirgen eken.

Ata-anam ólgennen soń,
Qızıl gúli solǵannan soń,
Jalǵız ózim qalǵannan soń,
Baǵısh etpedim tánimdi.

Heshbir tilimdi tartpadım,
Tayınıp sózler aytpadım,
Qarsı turdım da, qaytpadım,
Bul qápeske saldı endi.

Degeninde bul da ayttı,
Bolǵan barlıq álamattı,
Patshadan kórgen azaptı,
Bastan bayan etken eken.

Jasqa toltırıp qız kózin,
Elesletip sol waq ózin,
Gúlimniń aytqan hár sózin,
Ah urıp tıńlaǵan eken.

Sol waqıtta keldi birew,
«Aldıma túsińiz dárriw,
Shahımızda is bar záriw!»...
Dep uyatsız kúlgen eken.

Burıńǵı qızdı qaldırdı,
Esigine qulıp saldırdı,
Gúlimdi patsha aldırdı,
Shırayın kórmegen eken.

Patsha kórdi qız kelbetin,
Qasları qıyaq ziynetin,
Basladı haram niyetin,
Quzǵın kibi búrgen eken.

Qızǵa ayttı patsha sonda,
— Kelipsiz sulıw, bulınanǵa,
Aytarlıq neńiz bar xanǵa?...
Dep bir sawal qoyǵan eken...

Qız ayttı sonda: — Xanımız,
Qıynaldı shıbın janımız,
Hám de jetken joq jasımız,
Máwlet beriń, — degen eken.

— Qıyal etpeń buzıq iske,
Abırayıńdı alǵıl eske,
Bul isler jaramas sizge,
Siz patshamız, — degen eken.

Sol waqta patsha baqırdı,
Ásbi jálladın shaqırdı,

Ol kelip kóp hiyle qurdı,
Qızdı biyhuwsh etken eken.

Qol-ayaǵın kerip uslap,
Buzıq islerini baslap,
Shah qızǵa óńmenin taslap,
Jılan kibi shaqqan eken...

Esin jıyıp keler kúni,
Shıqtı qızdıń zorǵa úni,
Qazan urıp kewil gúli,
Dártke dárt ulasqan eken...

* * *

Qızǵa patsha neke qıydı,
Hayal etip tezden aldı,
Barınsha kewlin xoshladı,
Sóytip dáwran súrgen eken.

Aqılǵa salmadı oylap,
Sum nápsin bir juwha jaylap,
El aralap, sulıw saylap,
Qırq qızdı alǵan eken.

Qısımı artıp dozaqtan,
Qısıldı xalqı azaptan,
Jermen kóbeyip ján-jaqtan,
Súlik kibi sorǵan eken.

Xalıq kónbedi zorlıqqa,
Túsken soń kúni tarlıqqa,
Shıdamadı bul qorlıqqa,
Hámme kúshin jıyǵan eken.

Patshaǵa arzın ayttılar,
Teńlik tabalmay qayttılar,
Birazı basın qostılar,
Xanǵa qarsı bolǵan eken.

«Insabı joq, hey ádilsiz!
Óler boldıq qorlıqtan biz,
Ushırattıń bále mıń da júz», —
Dep patshaǵa aytqan eken.

Patsha jaman qáhárlendi,
Uwın jayıp záhárlendi,
Xalqınıń qıyalın bildi,
Dardı bekkem qurǵan eken.

Arız aytqandı uslap aldı,
Moynına qıl shılbır saldı,
Qarqıratıp malday shaldı,
Xalıqtı jaman qısqan eken.

Jılǵa, sayǵa aqtı qanlar,
Qıyıldı gúnasız janlar,
Otqa qarıldı tabanlar,
Temir tamǵa basqan eken.

Qarsı shıqqanın óltirdi,
Tabanların tildirdi,
Úsh aǵashına ildirdi,
Xalıq shuwlap posqan eken.

Adam óldi, qan tógildi,
Biygúna gelle kesildi,

Jipektey shashlar esildi,
Mal ornına ketken eken.

Adamzattı qosıp qosqa,
Kózlerdi toltırıp jasqa,
Sonlıqtan xalıq tum-tusqa,
Jayın taslap kóshken eken.

Sózdiń ánjamın aytqanda,
Taǵı dártti molaytqanda.
Ádillik joq patsha-xanda,
Usılay xalıqtı qısqan eken.

4

Patshanıń qırq bir zayıbı,
Perzent bolmadı ayıbı,
Tilekler tilep ǵayıbı,
Perzentke zar bolǵan eken.

Dúnyanıń júzi tar boldı,
Patsha perzentke zar boldı,
Kewlin kernegen sher boldı,
Jası ellige kelgen eken.

Kelgenshe usı jasına,
Perzent ermedi qasına,
Dárt sıymadı qanasına,
Patsha ashıw etken eken.

«Perzent qalmasa izimde,
Ne máni bolar sózimde,
Tómen etpegey júzimdi» —
Dep patsha nalıǵan eken.

«Keldim mine eliw jasqa,
Perzent kórdi mennen basqa,
Qáhárim ótti qara tasqa,
Paydası ne?» degen eken.

«Aldım elden arıw tańlap,
Qushtım sulıwlardı saylap,
Atan túye boldım jaydaq,
Ne sánim bar?», — degen eken.

«Siynementlep júyrik mindim,
Jurt súymegen sulıw súydim,
Iyt júgirtip saldım tuyǵın,
Ayaq bawın bezep jezden.

Malıma mal qostım bárha,
Tilla kóshki saraylarda,
Qast etkendi astım darǵa,
Qara jerdi qazıp dizden.

Kesh emesdur talap qılsam,
Jáne hám sulıwlar alsam,
Haq jarılqap ullı bolsam», —
Dep patsha oylaǵan eken.

«Bar etse sol qıyalımdı,
Shashayın dúnya-malımdı,
Uldı tuwǵan hayalımdı,
Aq mamıqqa oratayın.

Qız miyrası bolar kimniń?
Kórsetpegey qız tuqımın.
Qızdı tuwǵan qatınımnıń,
Basın kesip tuwratayın!»

* * *

Patsha usılay sert qıldı,
Sol sertine úsh jıl boldı,
Gúlim sulıw júkli boldı,
Xan bunı sezbegen eken.

Bunı bildi qırq bir qatın,
Tuwmay atıp qoydı atın,
Jayıp hámmesi qanatın,
Tilegin tilegen eken.

Aldı-artını serledi,
Sırtqa olar sır bermedi,
Patshasına bildirmedi,
Qupıyalap kútken eken.

Aradan jawdı quwǵanday,
Bir iske belin buwǵanday,
Hámmesi birden tuwǵanday,
Birlesip tolǵatqan eken.

Bir kúni bári jıynaldı,
Otırıp hámme oylandı,
Birewi sózge saylandı,
Hám de bılay degen eken:

— Qáne, doslarım, burın biz,
Júr edik jılap perzentsiz,
Tilek tileyik mıń da júz,
Qabıl bolǵay, — degen eken.

— Sezdirmeyik heshbir jańǵa,
Aytpayıq hám bunı xanǵa,
Isler ketpesin jamanǵa,
Dep oylasıq qılǵan eken.

Patshamızdıń peyli jaman,
Ashıwlansa túser duman,
Aq jarılqap tuwsa aman,
Bildirermiz, — degen eken.

— Aq jarılqap ol kóz jarsa,
Gúlimjan hám ullı bolsa,
Ólmey janı aman qalsa,
Bildiremiz, — degen eken.

Birewi ayttı sol waqıtta:
— Bolayıq, qurdaslar, puqta,
Jatır bul perzent qursaqta,
Patsha onı sezbes pe eken?..

Patsha qızdı jaqtırmaydı,
Onı aman da qoymaydı,
Qan isher qanǵa toymaydı,
Bunı oylań, — degen eken.

Sonıń ushın hiyle tabıń,
Gúlimge kórpeni jabıń,
«Qáste» dep awlaqta baǵıń,
Másláhátim, — degen eken.

Sol kúnnen baslap aq tamaq,
Shashı súmbil yupqa dodaq,

Quwanıshta bolıp quwnaq,
Ayın, kúnin kútken eken.

Xızmetker qul, atı Záriw,
Shaqırsalar keldi dárriw,
Keregin házirlep beriw,
Onıń isi bolǵan eken.

Záriw ǵarrı xızmet etti,
Ayttı hayallar raxmetti,
Ayanbay qıldı xızmetti,
Qádirdanlı bolǵan eken.

Tuwmaǵan balanı tuwıp,
Iyjan islep, maysók uwıp,
Basladı qursaq shashıwın,
Hayallar shaǵlasqan eken.

Qatınlar kewlin xoshladı,
Palawǵa tabaq shashladı,
Gúlimdi hám alasladı,
Kóp ırımlar etken eken.

* * *

Kúnlerden kúnler ótkende,
Toǵız ay on kún jetkende,
Múddetli kúni pitkende,
Gúlimxan tolǵatqan eken.

Bildirmedi basqa janǵa,
Xabar bermediler xanǵa,
Tuwar boldı keler tanǵa,
Hámmesi jıynalǵan eken.

Baqan qurdı aq otawǵa,
Etpedi hám artıq ǵawǵa,
Júwen kerip asılıwǵa,
Bárin házirlegen eken.

Júwen qıstırdı baqanǵa,
Bardı Gúlim de solmanǵa,
Jaman battı shıbın janǵa,
Tolǵaq qattı bolǵan eken.

Eki ayaǵı kósildi,
Jipek shashları esildi,
Gezek-gezek tarttı beldi,
Qırq qatın otırǵan eken.

Gúlim tuwladı sazanday,
Qaynadı miyi qazanday,
Qızıl gúlleri solǵanday,
Aq júzi sarǵayǵan eken.

Qattı boldı ashshı tolǵaq,
Jarıldı erinler qaq-qaq,
Qırq periyzat ashıp qushaq,
Kóp párwana bolǵan eken.

«Men shıqpayman bul dúnyaǵa,
Nem bar kúyikli dúnyada,
Tınısh jataman uyada»,
Dep perzent shırlaǵan eken.

«Men kúyikpen sizler ushın,
Quwanbańlar meniń ushın,

Ketkenim jaqsıdur qırshın», —
Dep perzent tuwlaǵan eken.

Gúlimjan esinen tandı,
Qırq periyzat qorqıp qaldı,
Bir waqta zorǵa dem aldı,
Tolǵaq qattı bolǵan eken.

Hámme tilek tilep turdı,
Ay sáwleli, júzi nurlı,
Peri kibi bir qız tuwdı,
Hámme hayran bolǵan eken.

Kóterip aldı Aqbilek,
Tańırqastı gezek-gezek,
Bul ne boldı biziń tilek? —
Dep hayallar turǵan eken.

Saldı jórgegin Aqjúzik,
Keń peyilli, beli názik,
Kindigin kesti Úzildik,
Kindik sheshe bolǵan eken.

Jubanbadı, shırladı qız,
İlaqtay bop mańıradı qız,
Bir pákize quralay kóz,
Shul dúnyaǵa kelgen eken.

Qatınlar qayǵını joydı,
Qızdı kórip kewli toldı,
Shashıwına bir qoy soydı,
Záriw jetip kelgen eken.

Gúlim de jıynadı esin,
Kórdi perzentiniń túsin,
Ne bolar dep aqırǵısın,
Kóp oylanıp kútken edi.

Boldı sonda túnniń jarpı,
El uyqıda shala-sharpı,
Gúlimniń burınǵı qalpı,
Hesh ózgermey qalǵan eken.

Qız tuwdım dep qıynalmadı,
Ul emes dep ınjılmadı,
Biraq qızı jubanbadı,
Shırıldap jılaǵan eken.

«Nege shıqtım sum dúnyaǵa,
Men ne qıldım bir allaǵa?
Jetkerdińiz usı halǵa», —
Dep atqanday bolǵan eken.

Qırq qatın da hayran qaldı,
Kórgen soń bunday awhaldı,
Jolına dep dúnya maldı,
Bir tilek tilegen eken.

— Endigi sóz mınaw bolsın,
Dushpanlardıń gúli solsın,
Doslarımız aman bolsın,
Tilek usı, — degen eken.

— Ne is bolsa da kóreyik,
Tıń-tıńlap qulaq túreyik,

Patshaǵa xabar bereyik, —
Dep oylasıq etken eken.

— Patsha quwanar perzentke,
Jeter búgin ol niyetke,
Iye boldıń zor húrmetke, —
Dep Gúlimge aytqan eken.

Qızdı hám ortaǵa aldı,
Qırq periyzat názer saldı,
Kelbetine hayran qaldı,
Peri kibi bolǵan eken.

Sızǵan eken qanday qálem?
Kórkine tańlanar álem,
Láyli, Zulayxa, Shasánem,
Bálki, zıyat bolǵan eken.

Tóbeleri kókke tiyip,
Analıq miyrimi iyip,
Hár hayal bir-birden súyip,
Qız miyirin qandırǵan eken.

* * *

Tań atıwǵa shamalastı,
Kún shıǵıwǵa jaqınlastı,
Qatınlar taǵı oylastı,
Sheshim bılay bolǵan eken:

— Patsha taǵma mingende,
Hámme wázirler kelgende,

«Kimde arız bar?» — degende,
Záriw barsın, — degen eken.

Záriwdi shaqırıp aldı,
Túsindirdi bolǵan haldı,
— Tawıp eplep itimaldı,
Xabarın ber, — degen eken.

— Bar patshanıń sarayına,
Qara reńki úreyine,
Perzentli boldıń degende,
Patsha turıp ne der eken.

Ayaǵına basıńdı ur,
Tımsal sózdiń duzaǵın qur,
Súyinshi sora hám qarap tur, —
Dep Záriwge aytqan eken.

— Patshadan bolsa jamanlıq,
Ketse basıńnan amanlıq,
Bar kúshińdi sal da barlıq,
Tez xabar ber, — degen eken.

Záriw bunı maqul kórdi,
Dárhal etek-jeńin túrdi,
Xan jatqan sarayǵa kirdi,
«Arzımız bar», — degen eken.

Bul ketisten Záriw ketti,
Wázirdiń qasına jetti,
Kelgenligin bayan etti,
Olar hám quwanǵan eken.

## 5

Basında tilla jıǵası,
Jarqırap gúmis jaǵası,
Xan qolında aybaltası,
Taxtında otırǵan eken.

Qayta-qayta tawlap murtın,
Sók jegendey úrip urtın,
Xalıqqa qaratıp sırtın,
Patsha taxtta otırǵan eken.

Ústinde sarı mellesi,
Bir qushaq bolıp sállesi,
Qazı-kálanı hámmesi,
Bas ırǵap otırǵan eken.

Bir gúnalı batıp qanǵa,
Xosh aytısıp shıbın janǵa,
Temir is qadalıp sanǵa,
Ol baylawda turǵan eken.

Kózden aǵıp qanlı jası,
Tómenge salbırap bası,
Kóz aldında ata-anası,
Eles-eles turǵan eken.

Alalmay kóz jasın tıyıp,
Qol-ayaǵın arqan qıyıp,
Tarıǵıp, tar jerge sıyıp,
Kúta azap shekken eken.

Iyeginen joqarı ilip,
Moynınan qamshı tilip,
Tiri emes, bálki, ólik,
Jan alqımda turǵan eken.

Bar eken ata-anası,
Buzılǵannan soń qanası,
Jetpey allaǵa nalası,
Jeteklesip kelgen eken.

Onı patsha kirgizbedi,
Jalǵız ulın kórgizbedi,
Bir qasıq suw bergizbedi,
Qısım etip qoyǵan eken.

Shıqtı anasınıń zarı,
Ketti perzenttiń dimarı,
Búgejeńlep jılap ǵarrı,
Xanǵa arız etken eken.

Patsha arızın tıńlamay,
Gúnasız jandı ayamay,
Janına rehim qılmay,
Kelgenin qıynaǵan eken.

Patsha sonda moyın burdı,
Jálladları tikke turdı,
Ǵarrı menen kempirdi urdı,
Qolların baylaǵan eken.

Qan aqtı ǵarrı, kempirden,
Tiydi bir tayaq jan jerden,

Shıqtılar janları birden,
Tayaq jaman tiygen eken.

Jolatpay onı qalaǵa,
Eki ólikti dalaǵa,
Qarǵa jıynalǵan salaǵa,
Sol máhál taslaǵan eken.

Baylawdaǵı sol gúnakar,
Onnan da beter etti zar,
Endi ólmeske nem bar, —
Diyip ol oylaǵan eken.

Endi jigit qáhárlendi,
Kúshin jıynadı, shirendi,
Arqan úzildi, sheshildi,
Qolları bosaǵan eken.

Qol-ayaǵı bosaǵan soń,
Saqshılardıń alıp tusın,
«Saǵan sıylıq usı bolsın», —
Dep birewin urǵan eken.

Bir qılısh qolına tústi,
Israpıl dawılday esti,
Wázirdiń gellesin kesti,
Heshkim tutalmaǵan eken.

Qızıl qanın suwday shashtı,
Patsha turıp taxttan qashtı,
Qushaǵın ólimge ashtı,
Qattı qorqıp qalǵan eken.

Tutqın jigit kúsh bermedi,
Keskir qılıshtı sermedi,
Heshbir jan shıdam bermedi,
Óz basın qorǵaǵan eken.

Ǵayratın kórsetip qattı,
Qırdı qorshaǵan jálladtı,
Tóbede qılısh oynattı,
Dushpannan ósh alǵan eken.

Bar edi ózindey bolǵan,
Gúnalı bolıp baylanǵan,
Darǵa asıwǵa tayınlanǵan,
Bir joldası turǵan eken.

Qaradı aqqan jasına,
Bardı juwırıp qasına,
Berdi qılısh joldasına,
Baylawdan bosatqan eken.

Ol joldası qasına erdi,
Qılıshtı qınapta kórdi,
Kelgen jawǵa soqqı berdi,
Bul daǵı qarıwlı eken.

Kelgen jawdı shıdatpadı,
Ayaq-qolın baylatpadı,
Dushpannıń tisi batpadı,
Alaqlasıp turǵan eken.

Kúsh bermey barlıq adamǵa,
Shıqtı juwırıp maydanǵa,

Túspedi qaytıp zindanǵa,
Ólimnen qutılǵan eken.

Qıstırıp belge polattı,
Minip aldı júyrik attı,
Aralap sıbay elattı,
Bular qashıp ketken eken.

Quwdı keyninen alaman,
«Usla!» dep izde shuwlaǵan,
Ketti láshkerler neshe san,
Jetkeni urısqan eken.

Jeńilmesten eki batır,
Muzdı shaynap ǵatır-ǵatır,
Qashıp dushpan satır-satır,
Sháhárine tıǵılǵan eken.

Qolı bosanǵan jigitler,
Jawın jeńip sonda mártler,
Xanǵa túsip qayǵı dártler,
Olar azat bolǵan eken.

Súyinshi sorap kelgen Záriw,
Qayttı keynine ol dárriw,
Qıyın boldı xabar beriw,
Patshamız qapalı eken.

Ayta almadı Záriw sózin,
Qubarttı da qızıl júzin,
Bilip patshanıń minezin,
Qırq qatınǵa kelgen eken.

Bolǵan bul ájep hádiysti,
Eki batır etken isti,
Hesh kórmegen bunday kúshti,
Hámmesine aytqan eken.

Albırastı barlıq hayal,
Endi bılay boldı qıyal,
— Zárıw, mınaǵan qulaq sal!
Dep sózlerin aytqan eken.

— Taǵı bar patsha qasına,
Kir jálladtıń arasına,
Is túsken waqta basına,
Xan quwanar, — degen eken.

Xan quwanar perzentine,
Qaramas bergen sertine,
Jetkennen soń niyetine,
Tezden keler, — degen eken.

Basına túskendey dóhmet,
Ketti Zárıw ekinshi ret,
Aq otawlardan shıǵıp shet,
Patshasına jetken eken.

Patsha ashıwlı záhárlenip,
Murtın tawlap qáhárlenip,
Aybat penen taxtqa minip,
Ǵázepli otırǵan eken.

Keshe ólgen adamların,
Tárk etip qolında barın,

Hárkimlerge aytıp zarın,
Qapa bolıp turǵan eken.

Bardı Záriw, basın iydi,
Arız aytarın patsha bildi,
Ne demekshiseń, ayt! — dedi,
«Hámme» suwday tınǵan eken.

Hey patshahım, keldim, sizge,
Qáhárlenbe, shahım, bizge,
Qulaq salıń aytqan sózge, —
Dep Záriw baslaǵan eken.

— Haq kórdi kózińniń jasın,
Ayadı sizdey bendesin,
Kórdiń perzenttiń qarasın,
Súyinshi beriń, — degen eken.

On bes kúnlik ayday toldıń,
Perzentsiz kóp waqıt soldıń,
Aq jarılqap qızlı boldıń,
Shahım, súyinshi! — degen eken.

Dep Záriw sózin tawıstı,
Xannıń qıyalı awıstı,
Qattı shıǵardı dawıstı,
Jállad jetip kelgen eken.

Júre almastay qılıp jolın,
Bayladı onıń eki qolın,
Tayaqtan úzildi julın,
Kóp aqıret bergen eken.

Urdı jálladlar tayaǵın,
Kesewdey etti ayaǵın,
Hám de kestirdi qulaǵın,
Sóytip jurday etken eken.

Patsha jaman ashıwlandı,
Qart buwraday qatıwlandı,
Jutqızdı tiri jılandı,
Uw záhárin jayǵan eken.

Dedi jálladların jıynap:
— Qatınlarǵa barıń jaylap,
Tuwǵanın óltiriń qıynap! —
Dep buyrıqtı bergen eken.

— Qızdı tuwǵan sol hayaldı,
Onıńday buzıq qıyaldı,
Salıp basına zawaldı,
Tez keltiriń! — degen eken.

Sol waqıtta jálladları,
Kelip báriniń qáhári,
Jaymaqshı bolıp záhárin,
Hayallarǵa ketken eken.

Záriw turdı ornınan,
Qan zirkirep murnınan,
Súyretilip zordan-zordan,
Saraydan tez qashqan eken.

Óldim-taldım degende,
Jabıǵıp janın jegende,

Aradan az waq ótkende,
Hayallarǵa jetken eken.

Qatınlar otır xabarsız,
Qızdı qushaqlap qayǵısız,
Boldıq dep endi ármansız,
Kewlin xoshlaǵan eken.

Qatınlar kórdi birewdi,
Tanıy almadı Záriwdi,
Onı bul halda kóriwdi,
Olar oylamaǵan eken.

Sulıwlardıń túsi qashtı,
Záriwge qushaǵın ashtı,
Qoy-qozıday shuwlastı,
Mánisin soraǵan eken.

Záriw sonda esin jıyıp,
Hawlıǵıp, kóz jasın tıyıp,
Basın kóterip qıltıyıp,
Hayallarǵa aytqan eken:

— Baraman dep múyiz sorap,
Xan aldında qaldı qulaq...
Otırmańlar bosqa jılap,
Jasırıńlar, — degen eken.

Qalmayın dep qanıńızǵa,
Jettim eplep janıńızǵa,
Berik bolıń Gúlimge, qızǵa, —
Dep Záriw jılaǵan eken.

Qırq periyzat tez jıyıp es,
Qas-qabaqtan qıldı keńes,
«Qatın bilgendi xan bilmes»,
Degen naqıl qalǵan eken.

Gúlimdi tezden turǵızıp,
Qur menen belin buwǵızıp,
Beti-qolların juwǵızıp,
Dım bilmeske salǵan eken.

Hayallar aqıl asırdı,
Qızdı bir jerge jasırdı,
Heshkimge bildirmey sırdı,
Bir ilajın kórgen eken.

Sol japsarǵa baqan qurdı,
Oǵan birin asıldırdı,
Qasına júwen kerdirdi,
Bar ırımın etken eken.

Záriwdi orap kórpege,
Jasırdı qupiya jerge,
Endi heshkim tuwdı derge,
Bir belgi bolmaǵan eken.

Qatınlar sıńqıldap külip,
Ne bolǵanın ishi bilip,
Saraydıń qapısın ilip,
Waǵır-shaǵır bolǵan eken.

Keldi sol waqıt jálladlar,
Turdı ornınan hayallar,

Awzın buwǵan malday olar,
Únsiz sawlap kirgen eken.

— Qızdı tuwǵan qaysı hayal?
Aldımızǵa salıń dárhal!
Asarmız darǵa, itimal, —
Desip buyrıq bergen eken.

Sol waqıtta hámme qatın,
Birewiniń ayttı atın,
Dúzep ırım saltanatın,
Jálladlarǵa kúlgen eken.

— Hey, jálladlar, begi-bekler,
Quwıs gewdeli erkekler,
Kóriń bul isti, gewekler, —
Dep Aqbilek aytqan eken.

— Aytıp barıń xanımızǵa,
Hazar bermeń janımızǵa,
Súyinshi soratıp joq qızǵa,
Sınap edik, — degen eken.

— Inanbasań, qarap kóriń,
Tapsań bizge azap beriń,
Qız tuwǵandı alıp júriń, —
Dep qatınlar aytqan eken.

Sol waqıtta kelgen jállad,
Qaldı moyında jamanat,
Tappay házilden qıyanet,
Ǵırra izge qaytqan eken.

Qısım etip shıbın janǵa,
Jállad barıp ayttı xanǵa,
Xan murtınan kúlip sonda,
Kewli inanısh tapqan eken.

— Barlıq, taqsır, hayallarǵa,
Kúlki, boldıq biz olarǵa,
Shahımız qapa bolarǵa,
Hesh dárek joq, — degen eken.

Jaqsı ırım qılmaq ushın,
Hám ótirik tolǵaq ushın,
Sizden kóp zat almaq ushın,
Súyinshi soratqan eken.

Jállad usı sózdi aytıp,
Patshanıń kewlin bayıtıp,
Hayallar betke tez qaytıp,
Ańlıw ushın ketken eken.

* * *

Jálladlar kelip-ketkeli,
Hayallar tınım etpedi,
Aradan bir tún ótkeli,
Óz ǵamların jegen eken.

Sol kún túnde kelip Záriw,
Isine kiristi dárriw,
«Bul báleden aman júriw,
Ǵaniybetdur», — degen eken.

— Bildik xannıń qılar isin,
Qız tuwǵanǵa qayrar tisin,
Onıń jazasın haq bersin,
Qor bolmayıq, — degen eken.

— Qoymayıq qızdı besikte,
Óltirer xan esitse,
Turayın ózim esikte,
Pinham etiń, — degen eken.

— Jer astınan tayarlań jay,
Tar bolsa hám ol — keń saray,
Ózge janǵa sır aldırmay,
Qızdı saqlań, — degen eken.

— Awzın qıyalap oyayıq,
Tóbesin bekkem qılayıq,
Tórine gáwhar qoyayıq,
Jaqtı bolsın, — degen eken.

— Erteli-kesh barıp Gúlim,
Emizip tursın aqırın,
Qasında bolayın ózim, —
Dep qul Záriw aytqan eken.

—Atasına kórinbesten,
Jamanlıq isti bilmesten,
Yalǵan dúnyanı kórmesten,
Óssin shul qız, — degen eken.

Sol waqıtta qırq bir hayal,
Maqul kórdi bunı dárhal,

Bul islerge jetedi hal,
Dep wádesin bergen eken.

—Aytqanıńız ıras, Zárıw,
Sonı isleyik biz dárriw,
Bunday hallarda kún kóriw,
Bizge múshkil, — degen eken.

Esik, aynası bánt bolǵan,
Ishi jemislerge tolǵan,
Jer astınan sánlep salǵan,
Bir jay barın bilgen eken.

Hár jumada barıp soǵan,
Ashıq-mashıq bázim qurǵan,
Hayallardan basqa adam,
Ol jaydı bilmegen eken.

Áne, sol jaydı jaqsılap,
Tósegin hasıl palaslap,
Qırq bir qatın kewlin xoshlap,
Altı gáwhar qoyǵan eken.

Qızdı oradı mamıqqa,
Kórsetpey hasla xalıqqa,
Saldı bul jaqtı tamuqqa,
Qız kún kórmey ósken eken.

Jıyıldı hayallar taǵı,
Taymay bastan dáwlet-baǵı,
Máslahátleri sondaǵı,
Bılayınsha bolǵan eken.

Oramal túydi, qoy soydı,
Dushpanlardıń kózin oydı,
«Gúlzar» dep qızǵa at qoydı,
Hámmesi jıynalǵan eken.

Jıynalǵandaǵı hámmesi,
Usılay boldı dámesi,
«Gúlzar» qoyıwdıń mánisi,
Ol mınaday bolǵan eken.

Dúnyaǵa kelgen taza gúl,
Shıqpay atıp baylandı til,
Gúlin izler zarlı búlbúl,
«Zarı» sonnan bolǵan eken.

Dúnyanıń júzi tar boldı,
Jaz kúni—qıs hám qar boldı,
Kewli xosh emes, zar boldı, —
Desip «Gúlzar» qoyǵan eken.

Atın usılay dep qoydı,
Juwırttı da aqıl-oydı,
Ózlerinshe pinham toydı,
Sol jayda ótkizgen eken.

Hámme qatın qushaq ashıp,
Xoshemetler gúller shashıp,
Kúndeslik aradan qashıp,
Tatıwlıqta turǵan eken.

Sol kúnnen baslap sarayǵa,
Qarawıllap Gúlzar qızǵa,
Záriw paqır turdı bárha,
Qabaǵın shıtpaǵan eken.

* * *

Qız kelbeti misli peri,
Aydan, künnen zıyat türi,
Eki jıl ótti onnan beri,
Júzi sarǵısh tartqan eken.

Gúlzar ekige kelgende,
Aradan kúnler ótkende,
Múddetli waqtı jetkende,
Ziywar júkli bolǵan eken.

Ol Gúlimnen úsh jas kishi,
Ol hám kóldiń aq quw qusı,
Kún sayın bilinip ishi,
Bul is anıq bolǵan eken.

Bunı sezdirmey heshkimge,
Jettiler esaplı kúnge,
Tolǵattı kelip bir túnde,
Ayı, kúni tolǵan eken.

Sarǵısh endirmey shırayǵa,
Apardılar pinham jayǵa,
Shúkir etisip qudayǵa,
Hámmesi jıynalǵan eken.

Baqan qurdı, júwen kerdi,
Túrme shalıp, belin buwdı,
Ziywarxan hám bir qız tuwdı,
Múshkil isler bolǵan eken.

Bunday isler joq dúnyada,
Bálkim, Gúlzardan zıyada,
Jup quralay bir uyada,
Kúndi kórmey ósken eken.

6

Jıllardan jıllar ótkende,
Hárkim ıǵbalın kútkende,
Nawrız áyyamı jetkende,
Gúller hám ashılǵan eken.

Gúlzar keldi on bes jasqa,
Ánar keldi on úsh jasqa,
Zeyin salıp tumlı-tusqa,
Qápesin tanıǵan eken.

Eki qız keldi Záriwge,
— Ne deyseń, atajan, bizge,
Bir sóz bar aytarlıq sizge,
Qulaq salıń, — degen eken.

— Qupıyalap dúnya ózin,
Kórsetpesten kúnniń kózin,
Gúnayımız nedur biziń? —
Desip sawal qoyǵan eken.

— Tuwıppız bizler anadan,
Jatırmız qápes xanada,
Bizdi bul awır jazaǵa,
Kim giriptar etken eken?

Bul dúnyaǵa kelgenimiz,
Gúnamız ba, aytıńız siz?
Ne ushın bunday boldıq biz,
Juwabın ber? — degen eken.

— Kelse insan bul dúnyaǵa,
Qápeste óspek lazım ba?
Ayıp islep ya jazımda,
Qoyǵanbız ba? — degen eken.

Záriw úndemey turadı,
Bası tómen salbıradı,
Juwap tappay albıradı,
Ǵarrı jaman sasqan eken.

Bir máhál ol taptı oylap,
Bar aqılın miyge jıynap,
Jup sulıwdıń basın sıypap,
Bunday juwap aytqan eken:

— Qapa bolmańlar, qızlarım,
Siz meniń qarar kózlerim,
Biygúna jansız ózleriń,
Bul taqıyıq sóz degen eken.

Qápes emes bul janıńız,
Jánnet kibi sarayıńız,
Kún kórmek bolsa oyıńız,
Háwes etpeń, — degen eken.

Jer ústine jollar uzaq,
Jolǵa qurılǵan kóp duzaq,

Jerdiń ústi otlı dozaq,
Astı-jánnet...– degen eken.

Jer ústinde qayǵı-ǵam kóp,
Eki ayaqlı haywan kóp,
Háwes etpeń jer ústin kóp,
Astı jaqsı, degen eken.

Kún degeniń kibar[1] bolar,
Kózińizdi qamastırar,
Tuwra joldan adastırar,
Qayt ıraydan, – degen eken.

Tımsallap aytıp sózlerin,
Jubattı ǵarrı qızların.
Endigi gáptiń izleri,
Jer ústine shıqqan eken.

* * *

Qızlar qaytpadı ıraydan,
Bul isler, bilseń, qudaydan,
Tań sáhárde qápes jaydan,
Qos periyzat ketken eken.

Adasqanın ańlamadı,
Záriw qarttı tıńlamadı,
Táwellege hám turmadı,
Jer ústine shıqqan eken.

---

[1]Kibar — miyrimsiz, mákkar degen mánide.

Gúlzar ayttı: «Xan qızımız,
Eki gáwhar juldızımız,
Kórinis bersek ózimiz,
Xan quwanar», — degen eken.

Ánar ayttı: Jılamańız,
Ne bolur biziń gúnamız?
Xan atamızǵa baramız,
Kóp eglemeń, — degen eken.

Gúlzar ayttı sonda turıp:
«Atajanım bizdi kórip,
Bawırına basar kelip,
Perzentlerim», — degen eken.

Ánar ayttı: «Xan qızların,
Qápeste saqlap ózleriń,
Sonsha qapılǵan kózleriń,
Ne haqqıń bar», — degen eken.

Maqul kórdi hámmeleri,
Usılay boldı dámeleri,
Tileginde qaldı bári,
Qızlar shıǵıp ketken eken.

Saraydıń qapısın ashtı,
Jer ústine qádem bastı,
Kózi dúnyaǵa qamastı,
Eseńkirep turǵan eken.

Bar edi ájayıp bostan,
Xanǵa seyilgáh gúlistan,

Bayterekler súzip aspan,
Búlbúl sayrap turǵan eken.

Tań attı desip sol zaman,
Jatqanlar turdı ornınan,
Eki sulıwdıń nurınan,
Álem jaqtı bolǵan eken.

«Túnde hám kún shıqqanı ma?»
Dep jurt hayran boldı sonda,
Birazlar jıǵılıp jolda,
Esinen ayırılǵan eken.

Jurt shuwlap izine erdi,
Ekki gáwharı sham kórdi,
Ekki gózzal álam kórdi,
Sulıwlıǵın bilgen eken.

Eki periy baǵqa keldi,
Quyash shıǵar waqta keldi,
Shashırap shıqqan kúndi kórdi,
Kózi shaǵılısqan eken.

«Shıqpań opasız dúnyaǵa,
Kirińler qaytıp uyaǵa!».
Degen yańlı kún hám sonda,
Álawlanıp janǵan eken.

Baǵ ishinde qádem basıp,
Kúnge kózleri qamasıp,
Tuwra jolınan adasıp,
Qızlar júrip ketken eken.

Sonda kimdur berdi sawal:
«Jup ǵaybana sahıbjamal,
Ushırdı qaysınday samal,
Perisiz be?» — degen eken.

Ayttı Gúlzar: «Ne sózińiz,
Joq pa mańlayda kózińiz?
Bizler patshanıń qızımız,
Peri emespiz», — degen eken.

Aradan az pursat ótti,
Bul sóz patshaǵa hám jetti,
Xan qulaǵı erbeń etti,
«Ya ájep!», — dep turǵan eken.

— Meniń bostanıma kelgen,
Mensiz seyil etip júrgen,
Qay patshanıń qızı eken? —
Dep quwanıp turǵan eken.

Patsha ózinshe súyinip,
Ǵarrılıǵına kúyinip,
Hasıl lipasın kiyinip,
Baǵ aralap shıqqan eken.

Keldi de patsha baǵına,
Kóz jiberdiján-jaǵına,
Shıǵıp bul gápler haǵına,
Ekki páriy júrgen eken.

Patsha qızǵa jaqın keldi,
Qız «ata» dep sálem berdi,

Patshanıń háwesi keldi,
«Quda berdi», — degen eken.

— Qutlı bolsın sayranıńız,
Shıqtı kórip hayranımız,
Qayda bolur mákanıńız,
Aytıń qızlar? — degen eken.

Gúlzar ayttı: Esit, ata,
Baǵ seyline keldik bunda,
Mákanımız jer astında,
Bilseń anı, — degen eken.

— Jaman sóz shıqtı tilińnen,
Atań aylansın gúlińnen,
Qushpaǵa názik belińnen,
Meylim bardur, — degen eken.

Gúlzar ayttı: ne teńiń gúl,
Arpa berseń atqa bergil,
Qızdı berseń jasqa bergil,
Kóp aljıma, — degen eken.

Xan ayttı, sózden uttıńız,
Periyden pák sawlatıńız,
Kim boldı haslı-zatıńız,
Bayan etiń? — degen eken.

Ánar ayttı: Esitiń siz,
Bizdi joldan eglemeńiz,
Bizler patshanıń qızımız,
Bilseń, atam, — degen eken.

— Gápine qara, bátshaǵar,
Jer ústinde bir patsha bar,
Jer teyindegi patshalar,...
Jayı jánnet, — degen eken.

—Bolmasın hesh kewil kiri,
Ersi bul gápińniń túri,
Xan atamız biziń tiri,
Óziń óliń, — degen eken.

— Tiri bolsa xan atańız,
Jaqsı kórgen jan atańız,
Boldı ne gúna, xatańız,
Ne sırıń bar? — degen eken.

— Joldı bosat, aljıǵan qart!
Tergey bermey tilińdi tart,
Atamız ádil hám de márt,
Gúnamız joq, — degen eken.

— Alar edim atań satsa,
Jup peri qasımda jatsa...
Men bilmegen qanday patsha,
Ne káralı? — degen eken.

— Bul sóziń, ata, ásidur,
Mázi kewil namasıdur,
Usı eldiń patshasıdur,
Biziń atam, — degen eken...

— Táájúpdur ǵalet sóziń,
Jammdı alar shahla kóziń,

Bul eldiń patshası ózim,
Sandalamań, degen eken.

Eki sulıw albırastı,
Quwanǵannan ańı qashtı,
«Atajan!» dep qushaq ashtı,
Óz atasın kórgen eken.

Gúlzar ayttı: Keshir, ata,
Bilmesten sóyledik xata,
Sen — nar bolsań, bizler — bota,
Perzentińbiz degen eken.

Ánar ayttı: Bolsań ańlar,
Qızı ataǵa intizar,
Bizdi kórsetpey zalımlar,
Qápeste saqlaǵan eken...

Esitkende bul sumlıqtı,
Patshanıń úni tunshıqtı,
Ishten ashıwǵa buwlıqtı,
Jat qıyalǵa ketken eken.

Oralǵanday eki jılan,
Xan seskenip ketti jaman,
Bergen sertini sol zaman,
Patsha eske alǵan eken.

Qasarǵan jerde qan almay,
Patsha bolǵanbeken sonday!
Óz perzentlerin tán almay,
Patsha yuz ugirgen eken.

Qızlar qushıp ayağınan,
Asılğanda shalğayınan,
Ol iyterip mańlayınan,
Óz qızınan bezgen eken.

— Qızdan mağan perzent bolmas,
Taxtıma iyelik qılmas,
Patshalar ekki sóylemes,
Sert etkenmen, — degen eken.

Ósipti qápes uyada,
Bolsa hám húrden zıyada,
Sulıwlar az ba dúnyada?
Qurtıń kózin! — degen eken.

Aparıńlar tez toğayğa,
Elden awlaq pinham jayğa,
Ekkisin bir torańğılğa,
Darğa asıń! — degen eken.

Bul isti heshkim bilmesin,
Izimde tiri qalmasın,
Ólgenin kózim kórmesin,
Sertim bardur, — degen eken.

«Atajan!» — dep ekki peri,
Zar eńirep turğan jeri,
Sup-sur bolıp xannıń túri,
Miyrimi kelmegen eken.

Patsha ketti, qızlar qaldı,
Kewillerde muzlar qaldı...
Jálladlar aldına saldı,
Xan hámiri bolğan eken.

## 7

Jáyhun dárya jaǵasında,
Qalıń toǵay arasında,
Or qazǵan aynalasında,
Bir qorǵansha turǵan eken.

Kek alıwǵa bolıp qatıl[1],
Hárbiri Rustemge tatır,
Xannan qashqan eki batır,
Bunda mákan tutqan eken.

Patshanıń kózinen awlaq,
Ústine kiygeni tuwlaq,
Kiyik atıp, qulan awlap,
Kún keshirip júrgen eken.

Kúnlerden bir kún ótkende,
Qalıń toǵayǵa jetkende,
Sákkiz jállad, eki bende,
Qiyatqanın kórgen eken.

Bende emes, eki húrdi,
Eki batır anıq kórdi,
Torańǵılǵa jállad mindi,
Dar jibin taslaǵan eken.

Qanlı jas quyıp qoynına,
Qarań qanxordıń oyınına,
Jup sulıwdıń aq moynına,
Dar jılanın salǵan eken.

---

[1] **Qatıl** – qanlı kek alıwshı qandar mánisinde.

Eglenbedi eki batır,
Sawash boldı satır-satır,
Jálladlar albırap atır,
Saw qalǵanı qashqan eken.

Jup arıslan jawǵa tiyip,
Bul qorlıqtan ishi kúyip,
Qılıshlap dar jibin qıyıp,
Qızlardı qutqarǵan eken.

Eki sulıw jıydı esin...
Men sozbayın endigisin,
Eki arıslan ekisin,
Haq nekalap alǵan eken.

Hámmesi waqtın xoshladı,
Nar táwekel is basladı,
Elden kóp láshker topladı,
Dawıl kibi turǵan eken.

Intimaqlı bir is qıldı,
Xan ústine júris qıldı,
Alpamısdek urıs qıldı,
Xan láshkerin qırǵan eken.

Qorıqqanı qalaǵa qashtı,
Iyt bıǵırlı, pıshıq bastı,
Dárwazanı buzıp ashtı,
Qola menen quyǵan eken.

Qarsı shıqqanın óltirdi,
Mártin táwbege keltirdi,
Xan sarayǵa basıp kirdi,
Patsha jaman sasqan eken.

Qayıl bolmay bul ólimge,
Jasırınıp jatqan jerinde,
Patshanı uslap tórinde,
Qarqıratıp shalǵan eken...

* * *

Kóp kún qápeste olturdum,
Xat etip qaǵaz toltırdım,
Men hám oshbu is pitirdim,
Alla ráhim qılǵan eken.

Shayır hám bilgenin jazar,
Patshası yetirse hazar,
Puqarası azıp-tozar,
Biyinsaplıq jaman eken.

Húkimdarı murtın tawlap,
Sum nápsiniń kewlin awlap,
Ílaq mańırap, qozı shuwlap,
Jurtı wayran bolǵan eken.

El menen shalqıp júrmedim,
Dáwran atını súrmedim,
«Dúnya-dúnya» dep júrgenim,
Bir besh kúnlik yalǵan eken.

Kulfát[1] qasirinde qarıdım,
Sultan Súyin, Muralıdin[2],

---

[1] **Kúlfát qasri** — qayǵı-ǵam sarayı, yaǵnıy jalǵanshı dúnya. qayǵılı turmıs degen mánide.

[2] **Sultan Súyin, Muralı** – Huseyn Bayqara, Alisher Nawayı.

Shahıw-gádanıń báridin,
Dúnya izde qalǵan eken.

Júgim alıp kárwan ketti,
Endi bizge náwbet jetti,
Berdimurat, sóziń pitti,
Dástan tamam bolǵan eken.

## MAZMUNİ

Aydos baba ........................................................................ 3
Ernazar biy ........................................................................ 8
Amangeldi ........................................................................ 16
Qulen bolıs ........................................................................ 20
Shejire ........................................................................ 39
Axmaq patsha ........................................................................ 79

# BERDAQ

*Dástanlar*

«Bilim» baspası
2021-jıl

Redaktor *S. Baynazarova*
Kórk.redaktor *I. Serjanov*
Tex. redaktor *B. Turımbetov*
Operator *N. Saukieva*

Original-maketten basıwga ruqsat etilgen waqtı 08.06.2021-jıl. Formatı 84x108 $^{1}/_{32}$. Tip «Times KRKP» garniturası. Kegl 12. Ofset qagazı. Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 4,5 b.t. 7,56 shártli b.t. 4,8 esap b.t. Nusqası 300 dana. Buyırtpa №23.

«Bilim» baspası. 230103. Nókis qalası,
Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme hám galaba
kommunikaciyalar basqarması. «Bilim» baspası.
230103. Nókis qalası, Islam Karimov guzarı, 111-jay

**Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.uz**

«Bilim» baspasında basıp shıgarıldı.